1.2024

# МагIарулай

ISSN 0132-9723





Наталья Савельева. Silentium. 2019

# С праздником 8 Марта!

# НИЛЪЕХЪА БАЖАРУЛА!



Хирияв журнал цIалулел!

Изну кье нужергун лъайхъвай гьабизе – дун йиго анкьго мацIалда къватIибе биччалеб «Женщина Дагестана» журналалъул цIияй редактор. ЦIарги буго дида Хамис Шамилова. Цо-цоязда дун лъалей ятила, лъаларелги ратила, гьединлъидал цодагьаб дирго хIакъалъулъ бицинин.

Дун гьаюна ГIахъуш районалъул Муги росулъ. ДГУялъул журналистикаялъул факультет лъугIигун, I996 соналъ, дарги мацIалда биччалеб «Замана» газеталъул корреспондентлъун хIалтIизе ячIана. Гьений хIалтIулаго гьебго ДГУялда юридическияб факультетги лъугIизабуна дица заочно. БукIана гIумруялда жаниб дир хасаб чIухIи – Москваялда М. Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институтги. Гьений дун цIалулей йикIана гIурусазул поэт Владимир Андреевич Костровасул семинаралда.

Дир хIалтIул биографиялда кIудияб бакI ккола тележурналистикаялъ. Хьул буго нужеда дир авторалъулал проектал «Вдохновение», «Мой театр», «Профессионал», «Территория искусства» ва цогидалги рихьун ратилилан. ЛъикIаб хIалтIухъ дие щвана «Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб цIар, Дагъистан Республикаялъул Пачалихъияб кIиго премия: театралияб искусствоялъул ва киноялъул рахъалъ, «Золотой орел», гьел гурел гIемерал шапакъатал ва баркалаялъул кагъталъ.

Къисматалъ ячун чанго соналъ дун хIалтIана пачалихъиял хъулхъаздаги: тIоцее Дагъистаналъул тIабигIиял рессурсазул БетIераб управлениялда, хадуй Дагъисталъул лъималазул ихтиярал цIунизе божилъи гьабурав чиясул Аппаратиялда, ахиралда Дагъистаналъул БетIерасул Администрациялдаги. Басмаялда бахъана дир кучIдузул кIиго тIехь ва цо документалияб къиса. Дун йиго Россиялъул журналистазул, хъвадарухъабазул ва театралиял деятелазул Союзазул член.

Гьале дун саназдасан цIидасан тIадюссана тIоцебе хIалтIул нух байбихьараб минаялъубе – «Женщина Дагестана» журналалъул нухмалъулей – бетIерай редакторлъун. Гьеб цо гIаламат бугилан тода дица. Гьединаб бечедал гIадатазул коллективалъул нухмалъулейлъун тIами кIудияб божилъи ва жавабчилъи буго. Журналалъул редакторалъун хIалтIулел рукIана цIаррагIарал хъвадарухъаби, шагIирзаби, гIалимзаби, тарихалда лъалкI тарал дагъистаналъул руччаби: Фазу ГIалиева, Умурагьи Шапиева, ГIайшат ГIабдулаева, Наида Керимова ва гьел гурел цогидалги.

Планал гIемерал руго. Журналалъул куц, формат, жаниб хъвалеб хисизабун, заманалда рекъон цере рилълъине къасд буго. Журналалъул видеоверсия гьабизеги ракIалда буго.

Хьул буго, киналго цадахъ лъугьун, цере лъурал масъалаби тIуразаризе бажарилин нилъехъайилан.

***Аллагьас кумек гьабеги!***

**Хамис ШАМИЛОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:



### «ОПЕРАЯЛЪ ДУН ЙИЩАНА»..................8

Кутакалда бокьула дагъистаниязул классикиял бакъназда кечI ахIизеги. Гьел бакънал дида ричIчIула, гьаний гьаюрай ва гIурай гIадан йикIиналъ ва лъикI къабул гьабула ракIалъ. Нилъер бакънал, тIабигIатго гIадинал, берцинал ва рекIелъе лъугьунел рукIуна. ХьахIилаб Каспий, гIурчинал гIалахал, гIадат-гIамалал, гIадамазда гьоркьоб букIунеб гьуинлъи, хинлъи – гьеб кинабго загьирлъула бакънazулъги. Амма дир гьаркьие гьел киналго гуро рекъонги ккола.



### АЛЖАН БАРКУН ПИРКАЗ КОДОБЕ КЬЕЯЙ.....................................................14

Жакъа къватIибе биччараб цIияб маххул гъурущ гIадин, жеги чанги нусго соналъ магIарулазе кенчIезе ругел (нилъеда мацI кIочIон течIониха) БакьайчIиса ЧIанкIал шигIрабазул бищун берцинаб, жиндирго рокьи ккарай ясалде гьабураб кечI бахьилин журналалда, 8 мартги тIаде щолеб бугелъул…



### НУСГО СОНАЛЪ КЪВАРИЛЪУН, НУСГО СОНАЛЪ ЙОХУН...... ..............26

Бергьенлъи гIагарда букIана Грозныялдасан СултIанихъан кагъат бачIарабго. Нусги дунги, рагъул заманаялъ кIудияб гIакъубаги бихьун щвана Грозныялде, гьев вегун вукIараб госпиталалде. ВатичIо. Ругъназул мадар лъугьингун, гьев цIидасан рагъде ун ватана. «Тохтирас дир черхалдаса I8 гIарададул гуллил кесек бахъана. Вуссигун бихьила, кинабго бицина», – ян хъвалеб букIана гьес кагътида.



### ЯЧIА, ЭБЕЛ, ДУНГУН ХАБАР БИЦИНЕ!.. .. 34

– Доб заманалда ясалги хIадур гьарулаан аскаразда хъулухъ гьабиялъул ишазе. ТалихIалъ хIалбихьи гьабизе ниже ккечIо. Амма «Аннушка» абураб кукурузникалда рорженалги, парашюталда кIанцIиги кIочон толаро. КIанцIизе ниж ругьун гьаруна ноябралдаса маялде щвезегIан. КIанцIулаан 40 метралъул борхалъудаса. Маялда абуни рахана лъабазарго метраялъул борхалъуде. ТIоцере кIанцIулаан дагьал бакIкIал ясал.

# КУМЕКАЛЪУЛ ХЪАХІМИККИ

Дагъистаналда гурейги лъала Фируза Назимовна Керимова. Берцинай чIужугIадан гурейги, гьей йиго «Иман» абураб гурхIел-рахIмуялъул фондалъул Попечителазул советалъул председатель, цIакъ ракIги кверги гIатIидай гIадан. Абизе бегьула цониги гьеб фондалде хIажалъи ккун вачIарав инсан кумек щвечIого хутIуларилан. Гьелда тIадеги гьелъ квер чIвала рухIияб тарбия кьолел, лъай кьолел проектазда, кумек гьабула рахьдал мацIал ва дагъистаналъул маданият цIунизе тIоритIулел тадбиразе.

Фируза Низимовналъ нухмалъи гьабулеб фондалъул кумекалдалъун Россиялъул бакI-бакIазда гIумруялде рахъинаруна маданияталъул ва лъайкьеялъул объектал ралел проектал. Гьезда гьоркьоб рехсезе бегьула Россиялъул бищун гIемераб санал рараб шагьар Дербенталъул юбилей кIодо гьабизе фондалъ гьабураб кумек, Подмосковьеялда бугеб мультимиллиард тIад харж гьабураб кутакалда кIудияб лъайкьеялъул центр базе гьабураб кумек…

Цоги бицинчIого гIолареб, кIудияб кумек: 2016 соналъ Дагъистаналъул халкъияв шагIир СтIал Сулейманил музей бухIараб мехалъ, гьеб литературиябгун мемориалияб музей-рукъ бахъинабуна ва цIидасан хIалтIулеб хIал гьабуна гьеб фондалъ.

«Иман» фондалъул хIаркаталдалъун Дербенталда бугеб 18 гимназиялъе гьабуна генералияб реконструкция, цIидасан къачIана некIсиял хабзал Кырхляр. ЗахIматаб пандемиялъул заманаялъги Фируза Керимова гIенеккун чIечIо. Сулейман СтIал районалъул 500 хъизаналъе кьуна 35000 гъурущ.

Лъайкьеялъул рахъалдаги гьаруна гьелъ гIемерал лъикIал ишал. Кидаялиго жинцаго лъугIун букIараб ДГУялъул экономикияб факультеталъул бищун лъикIал студентазе хасаб стипендия бихьизабун буго. Гьеб факультеталда цIалулагойин гьелъулги Сулейман Керимовасулги лъайхъвай ккараб.

Фируза Керимовалъул фондалъул кумекалдалъун Дербенталда рагьана пагьму-гьунар бугеб лъималазе хасаб школа, Юждагалда санайил тIоритIула киналго предметазул олимпиадаби. Бергьаразе ва гьезул мугIалимзабазе кьола лъикIал премиял. Россиялъул бищун гIолохъанав гIалимчи, ДГУялда хIалтIулев гIелмабазул доктор Заур ГIалисултановасе гьелъ кьуна 3 рукъалъул квартира. Гьединго фондалъ кумек гьабула тIахьал, журналал, учебникал, битIунхъваялъул тетрадал рахъизеги.

Хирияб кIалккунмоцIалъ Рамаданалъул чодрокь 10 къоялъ гIадамал кваназаризе гIарац биччана, 3 соналъ Къасумкенталда ва Каспийскалда мавлид тIобитIулеб буго фондалъ.

ГьабсагIат фондалъул кумекалдалъун тIубараб реконструкция гьабулеб буго Буткенталъул школалда. Балеб буго ФАП, клуб, спортплощадка. Сулейсан-Стальск ва Докузпари районазда тIоритIулел руго экологиялъул акциял: чIолеб буго 36 азарго накIкIил гъветI.

Мискинал хъизаназе, бесдалазе, СВОялъул гIахьалчагIазул лъималазе ва хъизаназе фондалъ гьабулеб буго гIарцулаб кумек. «Иман» фондалъ лъабалилеб соналъ лъималазе ЦIияб соналъул байрамал тIоритIулел руго.

Фируза Керимовалъе Россиялъул президетас 2017 соналъ, «ГурхIел-рахIмуялъул ва жамгIияб хIалтIухъ» баркала кьуна. Дагъистаналъул «ГIагараб ракьалде бугеб рокьухъ» абураб гIаламаталъеги мустахIикълъана гьей. Гьединго гьелъие щвана «Москва областалъе гьабураб хъулухъалъе гIоло» абураб III даражаялъул гIаламат.

Узухъда, кинабго Фируза Назимовнаялъ гьабураб щинаб лъикIаб хIалтIи журналалъул цо гьумералда хъван бажаруларо. Нижеца хъвараб буго гьелъ гьабуралъул цо гьитIинабго бутIа.

«Дагъистаналъул чIужугIадан» журналалъги кIудияб баркала кьолеб буго Фируза Назимовналъе лезги мацIалда къватIибе биччалеб 500 журнал хъван, гьеб тIибитIизабизе гьабураб кумекалъухъ.

***Бокьун буго баркизе Фируза Назимовналда тIаде щолеб 8 март. Гьарулда гьелъие щулияб сахлъи, рекIее парахалъи. Биччанте гьелъул кидаго букIине рес гIадамазе кумек гьабизе.***

(Сурат журналалъул жилдалда)
**ГУЛЬНАРА АСАДУЛАЕВА**

# БОЖИЯЛЪУЛЪ БУГО ДИР КЪУВАТ



Умлайла ХIажиатаевна Залибекова ккола Буйнакск шагьаралъул культураялъулаб Централъул нухмалъулей, РДялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан, захIматалъул ветеран. ГIемерал руго гьелъие щварал муниципалиял, республикаялъулал ва федералиял шапакъаталги баркалаялъул кагъталги.

Гьел шапакъатаз дида кидаго ракIалдаса ине биччаларо гIадамазда цебе дирго бугеб жавабчилъиги гьабулеб ишалъул кIвар буголъиги. Шапакъат кьун батани дун гьелъие мустахIикълъун йиго. Амма гьеб щунилан чIухIизе яги чIезе бегьуларо, жеги лъикI хIалтIизе ккола.

Саламатаб заманаялъ рукIана ниж Умлайлал хинаб ва квегIенаб кабинеталда жанир. РагьтIа гьороца рахъ-рахъалде хъамулел рукIана тIогьиллъун гъарал тIамхал, рихьулел рукIана лъималгун свердулел улбулги… Ай, гьениб букIана Буйнакск шагьаралъул щибаб къойилаб гIумру. Гьеле гьенийго гIуна Умлайлаги.

### ЛЪИМЕРЛЪИ

Гьелда ракIалде щвана кIудада. Дов вукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи ва ритIухъав, Аллагь кIочонарев, гIадамазе рекI гьечIев чи. КIудада къанагIат гурони гьимулароанила, амма гьесул гьими жидее букIанила кутакалда къиматаб, гьеб гьимиялъ канлъи кьолеб букIанила ва сверухъ ругезул ракIалги гIатIилъулаанилан бицана гьелъ. Гьединаб согIаб амма ритIухъаб букIанила гьесул тарбияги. Жидеда кколеб букIанила Къуръан цIалулев вугеб мехалъниги гьесда жидеца гьабулеб бихьулеб батиларин, амма гьесда халлъичIого щибгIаги хутIун батулароанила.

– КIудадал букIана жанире ччугIигIинал рараб графин. Гьес гьениса гурони лъим гьекъолароан. Нижеца гьеб мех-мехалда цIезеги кколаан. Цо нухалда дица гьениб гьоркь хутIун букIараб лъимги гьекъон, краналда гьоркь чанго нухалда кIобокIун, лъикI хулизеги хулун, гьесул столалдаги лъун, графин бакъвараб чIартица тIасан бацIцIана. Гьеле гьеб мехалда баккана кIудадал гьурмада доб гвангъараб гьими…

Эбел Умлайладехун согIай йикIана. Анкьго лъимералда гьоркьоса чIаго нахъе хутIарал гьейги цоги яцги гурони рукIинчIониги, лъимал гогьдаризаризе гьей лъугьунароан ва гIайибал тIаса лъугьунги толароан. КIияйго яцалъул рукIана гьитIинаб къоялдаса рокьор жидерго тIадал ишал ва гьел мухIканго тIуразаризе кколаан. Эмен абуни вукIана лъималазе адвокат гIадинав, кидаго гьел цIунулев, гьезда гурхIулев чи. Цо гьадинаб жоги ракIалда щвана Умлайлада. Жиндие цIакъ бокьулеб букIанила берцинго ретIа-къазе. Гьедин цо къоялъ цIияб гурдеги ретIун къватIие ине жий къачIараб мехалда, эбелалъ абунила нартида хадуй айилан. Жийги екерун анила, киназдаго берцинаб гурдеги бихьизабулаго. Нартги босун юссунаго ганчIида хIетIе тункун гIодой ккарай жиндир гурдиде тIаде нартги анила хIаршги баханила. Гьедин рокъое инеги хIинкъун жий, гIодилаго, эмен вачIинегIан, чалиялда нахъа яхчун хутIанила. Амма инсудаса цеве гьенив жинде тIаде кканила имгIал Бийсултан. Гьес жий живго хIалтIулев вукIараб бакIалде, педучилищеялдеги ячун, чура-хулун гордегун яцIад гьаюнила, училищеялъул классалги библиотекаги ьихьизе ячанила. Гьеб къоялдаса байбихьанила жиндир гьира гьаб-доб бихьизеги лъазеги…

### ГЬЕЙ ЖЕГИ ТIАДЕХУН ЦIАЛИЗЕ ЙИГО!

Доб имгIалас училищеялде ячун йикIараб къоялдаса гIемераб заман ана.

– Дица гьебги лъугIизабуна ва дагьалъ хутIана гьенисан хIалтIизе йитIун ЛъаратIехун ккезеги. Амма лъикIав директор ХIажи Шиллаевас дие щвезабуна пединститутуалъул музыкалияб факультеталде направление. Цебехун кидагIаги лъиегIаги щвараб жоги гьеб букIун гьечIо. Гьединлъидал дица ХIажи СагIидовичасе кидаго баркала кьола.

Кий цIаланиги ва хIалтIаниги Умлайлаца кечI ахIи толароан ва гьелъул берцинаб гьаракьги кечIги киназего бокьулебги букIана. Гьелда лъикIаблъун бихьизабулаан консерваториялде инеги. Амма гьелъие жиндиего кечI ахIи абизегIан къабулаб иш букIинчIо. Гьелъие гIагараб букIана гIадамалгун хIалтIи. Буйнакскалъул музыкалияб школалда хIалтIулаго гьей кIиго нухалда йищана шагьаралъул собраниялъул депутатлъун. Рес ккана, дагьа-макъаб букIаниги, гIадамазе кумек гьабизе ва гьелъул рохелги букIунаан.

## ГЕРМАНИЯЛДА МУЗЫКАЛИЯБ ШКОЛА

80 абилел соназул ахиралда Умлайла ана, лъималги рачун, Германиялде росасухъе. Гьений гьей ункъо соналъ Ютеборгалъул музыкалияб школалда хIалтIана. Цо нухалда гьенисан концертгун ана Эберсвальдалде. Гьениб гьелъ бакIалъулав музыкант, профессор Виталий Парушинида бихьизабизе кколаан вокалияб номер. Гьелъ гьениб ахIана Расул ХIамзатовасул «Дун доб соналъ кIудияв гIурав вукIана» абураб кочIол рагIабазда романс. Гьеб киназего къабуллъана ва профессорги мукIурлъана Дагъистаналъул тIадегIанаб культуралъе. Гьелъие гьеб букIана кIудияб рохеллъун.

## ТIАДЮССИН

Буйнакскалде юссиндал Умлайлада гьарана шагьаралъул культураялъул отделалъе нухмалъи гьабеян. Управлениялйилан гьелда абизеги бегьиларoан. ГьитIинабго кабинет, чангоял цогидаб хIалтIиялда цадахъго культураялда сагIтал рачунел штаталги рукIана гьенир. Я фестивалал рукIунароан, я байрамазде хIадурлъуларoан. БукIинчIо гьезие бакIги специалисталги. ГIарацги дагьа-макъаб жо гурони биччалеб букIинчIо. Амма Умлайлае рес ккана жиндирго гIуцIарухъанлъиялъулаб рахъ рагьизе, иш цебетIезабизе ва гьей ишалде тIаделъана.

ЖийгоГIадинал гьира бугел гIадамалги данде гьарун, гьелъ гIуцIана культурияб Центр, байбихьана хIадуризе концертал, литературиялгун - художествениял тадбирал, фестивалал, халгьариял. Заманалдаса гьеб кинабго гIадатлъунги ккана, культураги шагьаралда лъикI цебетIуна. Гьанже Буйнакскалъул БЦК ккола республикаялъул киналго художественниялгун – культуриял фестивалазда гIахьаллъулеб кколлектив. Мисалалъе, «Дир Дагъистан», «МагIарулал», «Шавла», «МагIарул кечI» абурал ва цогидалги.

Байрамал гурел къоялгицин шагьаралъул гIадамазе аваданаллъун лъугьинаризе бажарана Умлайлада. Гьедин гьелъ ургъана «Азбаралъул къоял». Гьениб гIадамаз гьабула гIодорчIейги, ккола лъай-хъвайги ва авданго заманги тIамула. Гьединал тадбиразда бицуна шагьаралъул гIумруялъул, ракIалде щвезабула тарих. ГIадамал ругьунлъун руго 8 Марталъул, 23 февралалъул байрамал кIодо гьаризе, тIоритIула эбелалъул къоялги. Гьей йикIана 1999 соналъ кьвагьизабураб минаялда цере тIоритIулел рукIарал митингал рачунейлъунги… Имам Шамил гьавуралдаса 200 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъизе ячIун йикIана Фазу ГIалиева ва гьелъги лъикIаб къимат кьуна хIадурлъиялъе. Гьединабго гвангъараб тадбир букIана МухIамад НурбахIандовасул бахIарчилъиялъул хIурматалда тIобитIарабги.

«…ЦIураб зал. ГIодулел руччаби. Пашманго ралагьарал бихьинал. АхIулаго магIу кквезе кIоларого лъугьарай жийго Умлайла. Гьелъ ракIбухIун угьулеб хIохьел, абулеб калам… Ахиралда НурбахIанд НурбахIандовас баркалаги загьир гьабун абуна: «Дир вас ракIалда щвезарун тIоритIулел тадбирал гIезегIан руго, амма гьадинаб жеги букIинчIо. Баркала нужее гьединаб рекIелъе биччаялъухъ» –абун хъван букIана корреспондент С. Исрапиловалъ доб концерталъул хIакъалъулъ.

БЦКялъ кIвар кьечIого течIо пандемиялъул заманалда тохтураз бахъараб хIаракатги. Гьелда банги кIудияб тадбир тIобитIана шагьаралда ва гIадамазе рес ккана баркала загьир гьабизе. Залалда бакI гIечIо рачIаразе ва киналго разияб хIалалда ана сордо. Сардилъ рачIунила жиндихъе гьединал сценариязул планалги абун бицана Умлайлаца. Киналго кьижидал рахIаталда хъвалила сценариялги ва кинабго сценалда букIинеб жоги жинда цебечIолила якъинго.

Гьелъ цадахъ хIалтIулезда кидаго абулеб буго: «Я нилъеца гьабизе ккола унго-унгояб хIадурлъи, яги гьабичIого тезе ккола!» – ян.

## КЪУВАТАЛЪУЛ ИЦЦ

Кисанха гьебгощинаб бажари? Сунца гьелъие кумек гьабулеб гьеб ишалъулъ? Кинаб кумек батулеб гIицIго лъикIай нухмалъулей гурей, йокьулей ва тIалаб-агъаз бугей лъадилъун, эбеллъун, хIатта кIодоэбеллъунги ятиялъе?

Умлайлаца абулеб буго гьеб бугила жиндир божиялъул кумекилан. Божиги гьеб гьадингояб рагIи гурила, жий ракI-ракIалъ божулила ритIухълъиялдаги тIадегIанаб хIукмуялдаги. Гьей анкьго нухалда ун йиго ХIеж борхизе, щибаб хамизалъ щолей йиго мажгиталде ва БетIергьанасда гьарулеб буго жиндир мунагьал чуриялъе кумек. Гьелъ дугIа гьабун зикру бачунеб буго Украиналдаса рагъухъаби хехго ва сах-саламат руссагиян. Гьединаб божиялъ Умлайлае кумекги гьабулеб буго къуватги кьолеб буго.

## ХЪИЗАН

ГIумруялда жанир гIемерал гIадамал лъарай ва гIемеразулгун гьоркьоблъи бугей Умлайлае бищунго гIагараллъун яцги рос МухIамадханги ккола.

– Росгун цадахъ дица гIумру гьабулеб буго 45 соналъ, гIезабуна кIиго лъимерги. Дица щибаб къоялъ БетIергьанасе щукру гьабула гьединав рос дие кьуралъухъ. Баркала буго дир рахъалъа гьесул эбел-инсуеги гьединав вас гIезавуралъухъ. Нижер вас Азамат хъизангун гIумру гьабулев Москваялда вуго. Гьезул руго лъабго лъимал. Яс Камила хъизангун Буйнакскалда йиго. Рецц БетIергьанасе нижер хъизан сах-саламат, гьуинлъигун ва рокьигун цIунаралъухъ.

**Сульгият БУЛГАЕВА**

# ГЪУТIБИ ШУРШУДУНГИ ТIАМХАЗ БИЦУНГИ…

ХIалтIудаса рокъовещедал, дун, тIокIав вукIинаревгIан, свакан вукIана. Амма свак букIинего букIинчIеб гIадин бахъун ана магIарухъа эмен вачIун ватидал. Салам-каламалдаса хадуб дица лъади ГIайшатида гьикъана эмен кванан вугищилан.

– Дуца бицунеб щиб, вукIинарищха, хирияв, - илан жаваб кьуна гьелъги. КигIан дагьабниги дирги щаклъи букIинчIо, инсудаса хирияв чи нижее дунялалдаго вукIинчIевлъидал.

– Сундулго ургъел гьабуге дир вас, дун дур кIудияв вас Набигун квананги вуго гьекъонги вуго. …

Ниж диваналда, санагIалъиялда, биччараб телевизоралда цебе гIодор чIана. Гьенир ахирисел харбал кьолел ругоан. Циндаго Набица пульталдеги цун, ракI гъанцIизабулеб сурат бачIана цебе: гьорораб гьумералъул гьекъарай гIадан йигоан, бидул цIураб гIащтIиги кодоб ккун, чIварав росасул къаданий яхъун чIун…

– Добехун рехе, дир вас, илан абуна инсуца, – лъимал ралагьулеб гIадаб жо гьениб бихьуларин. ГьебсагIат токги сун ана, экранги чIегIерлъана.

– Чи чIвайгIан кIудияб мунагь гьечIоха дунялалда, – йилан абуна инсуца. – Чи чIван бажарулев чи вуго гIаданлъи жиндилъа лъугIарав, гIадаллъарав чи.

– Дида бичIчIуларо, кингIаги кIолеб квер борхизе жиндирго росасде… Хадуб букIинеселъулдай пикру гьабулареб? Гьеб бахчунищ бажарулеб? Кидал-къадги законалда цее чIехе кколейлъийищ лъалареб? – илан лъугьана ГIайшатги.

– Дунялалада щибниги бахчун хутIуларо. Балъголъи хIинчI-къед чIирчIидунги, борхьица шурунги, ганчIал гаргадунги, гъутIби шуршудунги, тIамхаз бицунги лъачIого хутIуларо…

– ГъутIби шуршудунги тIамхаз бицунги лъачIого хутIуларо… Кин гьез гьеб гIадамазда бицунеб? – илан гIажаиблъи гьабуна Набица.

– Вай, дир хирияв вас, – илан гьесдехун вуссана кIудада, – гIадамазда гIадин гаргадизе лъачIониги, гIадамазул квешал ишал тIатине кумекалъе ратула гьел цо-цо. Мун божизе вукIине, дица бицина дуе цо лъугьа-бахъин.

* * *

…Цо рорхатал мугIрузда бугеб росулъ бесдалъуда гIурал васал МухIамадил ва Агъакеримил гьединайго бесдалай Тавусихъ рокьи ккола. Гьел кIиязго хIаракат бахъулеб букIуна гьелда берцин рихьизе. Гьейги йикIуна лъилгундай къисмат бухьинаян. Ахиралдаги гьелъ тIаса вищула МухIамад ва уна гьесие росасе.

Тавусги МухIамадги рукIуна, ТIагьирги Зугьраги гIадин, рокьул ральдалъ чверделел. Гьел лъалел, мадугьаллъи-къоно рухIдаллъун рукIуна гьезул талихIалда. Амма гьеб талихI гIемераб мехалъ халалъуларо. Лъаларо щай МухIамадилги ТIавусилги талихI гьединаб къокъаб букIарабали. Гьелъие ахир лъола, ТIавусица тIаса вищунилан МухIамадилъ чIегIераб жахIда бижарав ва гьев, бидул тушмангIан, рихарав Агъакеримица.

Ццидал цIураб ракIги киназдасаго бахчун, Агъакерим вукIуна киндай МухIамадида бецIилаян ургъулев. Гьелъие гIоло гьев уна шагьаралде ва туманкIги балагьун, санагIалъи ккезегIан бахчула…

Гьеб букIуна октябралъул ахир. ГIаштIигун кварги гьежде рехун, МухIамад вахъуна рохьове цIул къотIизе. Агъакеримие гьеблъидал къваригIун букIараб: чIегIераб цер гIадин, хьитIинив кIкIуржун, кIкIалахъе вахчун, гьесда хадув гьавги вилълъуна. МухIамад цIул къотIулев вукIуна. Расги квер тIуркIичIого Агъакеримица гьесде туманкI битIизабуна.

– Дуца гьабулеб щиб, гьудул? – илан МухIамадил гьурмал кьер тIола.

– Гьеб дуда бичIчIулеб гьечIищ? Мун хвела, ТIавус дир чIужулъун йикIина.

– Махсаро бугилангIаги абе. Мун бусурманчи вуго гури, вац!

– Ле, ботIрокъ, дуда яхъана дихъа ТIавус! Дур бакI буго гьаб кIкIалал тIину! ТIокIаб дургун бицине хабарги гьечIо дир.

– ТIавусица дун тIаса вищи дир гIайибищ вац, Агъакерим? Мун АллагьасукьагIаги хIинкъуларищ? ГIадамазда лъани дуего букIунеб лъаларищ?

– Гьаниб рохьоб нилъ кIиялго гурони гьечIо, лъидаго лъазе гьечIо кин мун хваравали!

– ХІинчІ-къед чІирчІидунги, борхьица шурунги, ганчІал гаргадунги, гъутІби шуршудунги, тІамхаз бицунги лъачІого хутІуларо, Агъакерим, гІадалаб жо гьабуге.

– ГъутІби шуршудунги, тІамхаз бицунгийилая… Дудаго бичІчІулеб бугищ дуцаго бицунеб? Дур бетІер сверун бугилан ккола! ТІамхаз бицинчІого, кІкІал гаргадун лъазе те гІадамазда мун лъица чІваравали.

– АллагьасукьагІаги хІинкъа, дида гурхІиларев ватани, – ян, кваранаб кверги борхун, МухІамадица гали цебе лъурабго тункІил гьаракь бахъуна. МухІамад гІодове вортун уна. Жинцаго гьабуралдаса вихьа-хочарав гІадинги лъугьун, Агъакерим хехго рекІеде вачІуна, свера-хъверунги валагьун, МухІамадиде аскІовегІан вачІуна ва, кІкІалал рагІалдеги бехьерхъун, гьесул жаназа кІкІалахъе тункула. Жинцаго туманкІ кьвагьараб бакІалдеги вильлъун, гІодоса босун, гилза кисиниб лъола. ХутІарал патроналгун туманкІ, нухда батараб цо кьватІелалъуб, тІаде ракьгун ганчІалги хъван, бахчула. Цинги, гьенив вачІаравго гІадин, цІогьохъего, лъидаго вихьиларедухъ, росулъе тІадги вуссуна.

* * *

МаркІачІул заманги щола, рохьове арав МухІамадги вуссунев вукІунаро. ТІавус чІезе бакІ лъаларого йикІуна ва кьватІие яхъуна. Цодагьалъги чІун гьелъ мадугьалзабазда бицуна рохьове цІул къотІизе арав МухІамад вуссинчІилан. БачІуна цІорораб, гІазуги балеб, хъубухъун накІкІги лъураб сордо. Цо къварилъи-балагь ккун букІинги бичІчІун, гІодилей ТІавусги кІвараб хІалалъ гьей гІодое йиччазаюлел мадугьалзабиги рукІуна рогьинегІан.

Росуго бахъун букІуна МухІамад валагьизе. РогьинегІан бала кІудияб гІазу. Радалги рахъуна валагьизе, чанго къоялъго валагьула, хІасил кколаро. Гьедин тІагІуна МухІамад цо лъакІги хадуб течІого. ГІемераб букІуна росулъ хабар, хадуб кинабго гІодоцуна. Амма ТІавус йикІуна кидаго росасда хадуй гІодилей. ГІадада гурелъулха абулеб заманаялъ кинабго сахлъизабулин. Къоязда хадур моцІал уна, ТІавусги щибаб къойил хІалтІулъ квалквадилаго, чІвачІвадилаго цодагьай йигьайичине лъугьуна.

Цо къоялъ пастІан лъалъазе кьватІие яхъарай ТІавусида данде ккола Агъакерим.

– ТІавус, кидаллъагІан мун гьаб чІегІерги бан хьвадизе йигей? Дур рос тІагІаралдаса лъагІалидасаги анин, - илан сихІирал харбал рицине лъугьуна гьев. – ГІеларищха. Мун йиго гІолохъанай гІадан, дурго букІинеселъулги гьабизе ккеларишщ пикру?

- Дуца бицунеб щиб, – илан абула ТІавусица, – дир рекІел хІал кинха дуда бичІчІилеб?

– Дидани бичІчІулеб буго, дудаги бичІчІаха: Хварав, арав чи вахъинавун бажаруларо, лъугьараб тІадбуссинабун бажаруларо.

– Дуца дир адаб-хІурмат гьабулеб батани, дир ракІ унтизабуге, те дун хІалхьиялда…

Амма гьесул планазда батІияб букІана ва гьес ТІавус хІалхьиялда толей йикІинчІо. Гьебги бихьун, хІехьезего кІвечІого гьелъ бицуна жиндирго ункъгІал Муида.

– Гьадав Агъакеримица дун толей гьечІо. Дунгун цІакъ лъикІги вукІуна гьев. Гьабилеб жо лъаларо…

– Аллагьасе рец, дир яс, – илан йохула ункъгІал, – дурго гІумруялъул гьабизе ккола ургъел, цІигьабизе ккола рукъ. Кварилъиги нахъа тун, цІидасан байбихьизе ккола талихІаб гІумру. Аллагьасул кумекалдалъун кинабго лъикІ букІина.

МоцІидасан бертинги гьабун, ТІавус лъугьуна Агъакеримил лъадилъун. Жиндирго ракІалде ккарабги лъугьун, гьев жиндирго беразда цевегицин кІодолъула. Чанго моцІидасан ТІавусида гьесул гІамал-хасияталъулъ цере рукІинцин лъаларел гІаламатал халлъула. Гьанже бихьула гьалда МухІамадги Агъакеримги цоцазда релълъаралго рукІинчІолъи. Цадахъ бараб лъагІалида жаниб цониги бакІаб рагІиго рагІун букІинчІо гьалда МухІамадидасан. Гьев вукІана цІакъ хІеренав, хІалимав, тІалаб-агъаз гІемерав чи. Агъакеримилан абуни – живго жиндасаго чІухІарав, пахруяв ва гьитІинаб жоялъги пирхулев, ццим бахъунев чи. Цер гІадин сверун лъугьун, рекІелъе лъугьун, гьес жий махсароде курай куцилан йикІунаан ТІавус.

Гьесдасаги кутакай йикІуна гьесул яц Сими, яхІ-нич тІагІарай къоролай. Къо гьоркьоб бахъун ячІунаан гьей вацасухъе щвезе ва, рахсидаса борчІараб хьанда гІадин, хьанделаго речІчІулаан ТІавусида тІад: «Мун ячІараб рукъ биххаги! Дур тухум тІагІаги! Цогидав чиясул гьумер бихьарай гІаданалъул лъади лъугьунищ дир вацасе…»

Гьеле гьедин, рохелго гьечІого, рекІеда сахлъулареб ругъунгун унеб букІана ТІавусил гІумру. Гьанжеги гьалъ жиндирго ункъачу Муида бицуна гІумруялъул кьогІлъи ва гьечІеб талихІалъул:

– Вай дир хирияй ункъачу, – йилан гІодула ТІавус, – къисматалъ лъида аскІое дун ячарай! Духъги гІенеккун гурищ дун досие арай. Лъалебани дуда кинав чи дов вукІун вугевали. Гьеб чахъдал цІоко тІад хураб бацІица махсароде ккуна нилъ кІиялго.

УнкъгІалалдаги рагІун букІана гьесулги яцалъулги гІамал-хасияталъулги гьари-кванаялъулги. Амма гьабизе кІолеб кумек букІинчІо яцалъул ясалъе.

– БитІараб бугоха, дир яс. Гьев гІадан вукІун гьечІо, – йилан абуна гьелъ.

Цо нухалъ хаслихъе, берталъа гьекъонги вачІун, Агъакерим ахикье балагьараб рагъида наралда вегула. Гьуриги бахъун, ахикьа росун рачІун, риччарал, цІорорал тІамхал чІвала гьасул гьурмада.

– ТІавус, мун кий йигей, беццаб руз, – илан ахІдола гьав.

ТІавус ячІуна кьватІие.

– Мун беццайищ йигей, дуда дир ботIрода гъоркь къандалъо гьечIолъи бихьулеб гьечIищ?

ТIавусица жаниеги ун босун къандалъо лъола гьасул ботIрода гъоркь. Гьес цIан рукьгун аскIой гIодой чIезаюла.

– Гьанже дихъ гIенекке… ЧIужу дур лъугьинчIо, гамачI буго мун. Дур пикраби дов МухIамадгун хутIана, макьилъгицин гаргадула мун довгун.

– Хъваге гьесда, жибго те гьесул рухI.. Дуе гьесдасан къваригIараб щиб? Хварав чиясдасан гаргадани Аллагьасул ццин бахъине рес буго.

– У, дов хвана, тIагIана, дунилан абуни дур рос вуго! Щиб адабхIурмат дуца дир гьабулеб бугеб? МухIамад лъикIав чи вукIанин гурони дудасан щибго рагIуларо! БитIараб бицани, гьадингосев чи вукIана дов…

Гьел рагIаби абулаго, гьороца росунги рачIун, риччарал ва цIоралтIамхазул гохI чIола гьесул гьурмада ва Агъакеримида ракIалде щола МухIамадил хвалда цересел рагIаби.

– Досул бетIер сверун букIана, жинцаго бицунеб бичIулеб букIинчIо, гIантал жал рицунев вукIана дов, – илан гьурмадаса тIамхал нахъе гьарулев, гьеб лълъулълъалев вукIуна Агъакерим.

– Кинаб гIантаб хабарха дуда гьесдасан рагIараб, – илан гьикъула ТIавусица.

– ТIамхал шуршудунги лъазе бугила гIадамазда дуца жив чIваравлъийилан вукIана дов гIабдал, тIамхазда гаргадизе лъалеб гIадин…

Росасул хабар рагIарай ТIавус гIакълу-лъаялдаса уна. Гьелъухъ гIинго тIамичIого, Агъакерим, тIасан галабиги росун, гIодов ккун тIаде вахъун, рокъове жаниве уна ва бусада вегула. Лъавуде ячIарай ТIавус екерула Муиункъачухъе ва мехтарав Агъакеримил хабар гьелда бицуна. ГьебсагIат кIиялго сельсоветалде уна. Хадусеб къоялъ Агъакеримида хадур милиционерал рачIуна…

– Гьеле гьедин, дир вас, – илан лъугIизабуна кIудадаца хабар. – Дуда тIамхалги гаргадулеблъи лъалеб букIанищ? Гьеб нухалъ тIамхазул кумекалдалъун рагьана вахIшияб такъсир.

Набил кIудадада тIад рекъечIого рес букIинчIо.

**ГIумар ХIУСЕНОВ**



Дагъистаналъул операялъулгун - балеталъул театралъул солистка Елена Величко ккола Астраханалъул Пачалихъияб консерватория лъугIизабурай, берцинаб гьаракь бугей, халкъазда гьоркьосел ва тIолгороссиялъулал конкурсазда цересел бакIал кколей гIадан.



# «ОПЕРАЯЛЪ ДУН ЙИЩАНА»

Гьей гьаюна МахIачхъалаялда, лъугIизабуна № 9 абилеб школа, гIуна гIадатиял захIматчагIазул хъизаналда. Гьеб букIана кечI бокьулеб хъизан. Хасго кIудада. Еленацаги ахIулеб букIана кIечI гьитIингоялдаса.

– Доб кколаан батIияб заман. Жеги телевизоралги гIемерисезул рукIинчIо. Гьединлъидал азбар-къоноялда букIунаан дандельиги, ихтилатги, сухIматалги, рекIелгъеялги. Гьенирго тIиритIулаан, данде гьабун квен-тIехгун, тепсиги, ахIун кечIгун, гьабулаан ихтилат-кепги. Гьенив цевехъанлъун вукIунаан дир кIудада, рагъул гIахьалчи. ЦIакъ лъикI ахIулаан гьес кечI. Гьанже гIадамаз кечIги, доб цебе гIадин, ракIгъоледухъ ахIуларо. Гьев кIудадаса щванин ккола диеги ракIалъ кечI ахIиялъул гьунар, – абун бицана Еленаца.

Школа лъугIидал гьей бигьаго лъугьана махIачхъалаялъул музыкалияб училищеялде ва гьениб гьелъ жиндиего гIумруялъе тIаса бищана музыкалияб нух. Бокьун букIана эстрадаялъул вокал, амма гьеб гьениб батичIого академическияб тIаса бищизе ккана.

– Гьедин лъугьана дунги операялъул кочIохъанлъун. Ай дица гьеб бищичIо, гьелъ дунго йищана. Лъугьана классикалъулаб кечI ахIизе. Хадуб, дир мугIалимазул кумекалдалъун, академическиял бакъназде рокьиги бижана. ГIатIилъана лъай, гъварилъана рокьи ва бокьулеб ишлъунги лъугьана…

КIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун букIана Астраханалъул консерваториялде цIализе лъугьин. Дида кколеб букIинчIо гьение бигьаго йорчIилилан. Амма лъалаан, гьение ккани, бакънал дир гIумруялъул ишлъун лъугьине рукIин. ЙорчIичIейани, ракIалда букIана цогидаб ишалде юссине, мисалалъе суратал рахъи тIаса бищизе.

Астраханалъул консерваторияги лъугIизабун, Елена чанго соналъ хIалтIана бакIалъулаб операялъул театралда, хадуй Дагъистаналде тIадюссана ва Пачалихъияб операялъул ва балеталъул театралде солисткалъун хIалтIизе лъугьана. ГIемерал кIвар бугел ролалги хIана дица гьенир.

Хасго кIвар бугелллъун гьелъие рукIана жийго гIахьаллъулел фестивалал. Гьениб захIматаб жо букIуна жиндирго бажари гьунар бихьизабиялде тIадеги, сценаялда батIиял шагьараздаса театразул солисткабигун дандчIвай. Гьеб букIуна гьунаралъул рахъалъ тIобитIулеб унго-унгояб къецлъун, кутакаб жюриялъ, ралагьараз ва гIенекараз къимат кьолеб ишлъун.

Елена Величкоца гIахьаллъи гьабуна гIемерал халкъазда гьоркьоселги, регионазда гьоркьоселги, республикаялъулги музыкалиял фестивалязда. Дагьалъ цее гьей бергьана Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялда бан, Москваялда тIобитIараб «КечIалъул роржен» абураб конкурсалда гьоркьоб букIараб: «ШагIирасул рагIабазда лъикI кечI ахIиялъул» къецалдаги. Гьеб конкурсалда гIахьаллъи гьабун буго Россиялъул 69 регионалдаса 647 кочIохъанас.

Еленада лъикI ракIалда щолеб буго жинца хIараб тIоцебесеб «Золушка» абураб опералдаса Аннал роль. АбизегIан кIвар бугеб букIун батичIониги, гьеб ролалда тIад жий гIемерай хIалтIанилан бицана гьелъ.

– Репитициязда гIемерал хIалтIун нилъго гьеб ролалде гъорлъе ккола ва гьев чиясдехун рокьи бижула. Къойилго цого жо гьабулел ругеб мехалда гьезда нилъго релълъинчIого кинха хутIилел?

Дица гIемер ахIизе ккола батIи-батIиял мацIазда кучIдул. Гьеб ахIизе лъугьиналде цебе таржама гьабула, ахIулеб жо дидаго лъан букIине. Хадубги лъазабула гьеб хъвараб заман ва композиторасул гIумру. КIудияб кIвар букIуна гьесул кинаб гIумру букIарабали лъаялъулгицин.

Кутакалда бокьула дагъистаниязул классикиял бакъназда кечI ахIизеги. Гьел бакънал дида ричIчIула, гьаний гьаюрай ва гIурай гIадан йикIиналъ ва лъикI къабул гьабула ракIалъ. Нилъер бакънал, тIабигIатго гIадинал, берцинал ва рекIелъе лъугьунел рукIуна. ХъахIилаб Каспий, гIурчинал гIалахал, гIадат-гIамалал, гIадамазда гьоркьоб букIунеб гьуинлъи, хинлъи – гьеб кинабго загьирлъула бакъназулъги. Амма дир гьаркьие гьел киналго гуро рекъонги кколел. Дир буго, руччабазул букIине бегьулеб, бищунго борхатаб гьаракь. Гьеб чIахIиял нотабазда гурони данде кколаро. Нижеца пайда босула нилъер машгьурал композиторал Готфрид ХIасановасул, Сейфулла Керимовасул, Мурад Кажлаевасул, Ширвани Чалаевасул ва цогидазулги бакъназдаса. Гьираялда ахIула Дагъистаналъул авторазул рагIабазда кучIдулги. Дагьалъ цебе цояс махсароги гьабуна, дир репертуаралда тIубараб концерт кьезе гIуралгIан дагъистаналъул авторазул кучIдул ва бакънал гIун ругилан, – абун елъана гьей.

– Сценалде яхиналде цебе хоно гьекъолеб къагIидаги дир гьечIо. Лимонгун чай бокьула дие. Гьунар ва гьаракь гIечIони, щиб гьекъаниги кумек гьабуларо. Артистасе къваригIунеб жо буго лъикIаб репетиция. ЛъикIго лъазабизе ккола ахIулебги, хIадурлъизе ккола сценалде яхъизеги. Сценаялда чанги ракIалда гьечIел жалги ккезе бегьула, гьездеги хIадурго рукIине ккола.

Еленада ракIалде щвана цо нухалда сценалда ккараб жо. ЛъикIго хIухьелги жинибе цIан, халатаб нота босизеян йикIаго, гордеялъул рахас рагьун бачIанила. Нота цIалаго цадахъ вукIарас, расги ккечIеб гIадин, гьеб рахас эхеде цIанила. Лъидаго щибгоги бихьичIилан бицана гьелъ. Кканила цо нухалда сценаялда хьитил эгъе хъаршазда гьоркьоб къан хутIиги.

Цоги нухалда тIолабго шагьаралдаго ссун ун букIанила канлъи. Амма спектакль гьоркьоб къотIизе течIого, рагIалде щвезегIан хIазе кIванила. Залалда рукIараз, щвараб жо бакун, канлъиги гьабунила. Гьебги кканила унго-унгояб хIайилан бицана актрисаялъ.

Еленаца гIемер пикру гьабулеб буго жиндир профессиялъул бугеб хIажалъиялъул ва кIвараллъул хIакъалъулъ. «Кинабго гьабунадай дица, босанадай бажариялда рекъараб борхалъи?» – абурабги букIунеб буго суал.

– Нилъ эхеде раханагIан, гIатIилъи цIикIкIун бихьула ва гьелда рекъон гьеб квегъиялъе къуватги хIалтIизабизе ккола. Гьунар кигIанасеб батаниги, щибаб ахIараб кечIалъ тIалаб гьабула жанги жигарги. Гьединго, щибаб нухалда рохел щолебго гIадин, ракIбухIиги ккечIого букIунаро, кинабго цIидасан байбихьизеги ккола, – ян мукIурлъана гьей.

***Гьанже Елена Величко йиго лъикIаб вокалияб формаялда, гьабулеб буго концертазулъ жигараб хIаракатчилъиги. Гьей йиго тIадегIанаб вокалияб культураялъул махщалилай, гьелъ гIадамазул рекIелъ борчIизабула хинаб асар. Гьеблъидал киналго артистазул аслияб мурад.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# Тахица жий гурей, жиндица тах берцин гьабурай инсан



Рукlуна гlадамал, жидергун дагьа-макъаб заманаялъ гурого бухьен ккечlониги, гlумру гьабун жал рикlкlад рукlаниги, рекlел тахида хасаб бакl кколел, цадахъаб хlалтlул болжал цебего ун букlаниги, жидедехун адабалъул асар ссунарел. Гьеле гьединайлъун хутlана дие захlматалъул нухлул байбихьуда цlикlкlарай гьалмагълъун, камилай насихlатчlужулъун жий лъугьурай Гlалиева Рахlмат Хlамидовна.

Хунзахъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун ГIалиева РахIмат 1966 соналъ цIализе лъугьана ДГУялъул консервал хIадур гьариялъул технологиязул факультеталде. Цадахъго гьелъ лъугIизабуна КПССалъул МахIачхъалаялъул горкомалда цебе букIараб марксизм-ленинизмалъул университетги. 1971 соналъ цIалулеб бакIалдасан йитIана ГьоцIалъ консервазул заводалда мастерлъун хIалтIизе. Гьабулеб ишалъулъ РахIматил бугеб хIаракатчилъиги жавабчилъиги бихьун, чанго моцIидасан гьей йищула ВЛКСМалъул райкомалъул кIиабилей секретарлъун. 1980 соналъ гьелда тIадкъала жеги жавабчилъи цIикIкIараб, Хунзахъ райисполкомалъул гIаммаб отделалъул заведующиялъул хIалтIи. Хадуб, мустахIикъаб хIалхьиялде инегIан, тIадегIанаб даражаялда гьелъ бачана райисполкомалъул ишазул, администрациялъул аппаратальул нухмалъулелъул хIалтIиги.

РахIмат ХIамидовна чанцIулго йищун йикIана Хунзахъ районалъул собраниялде депутатлъун. Руго ЦК ВЛКСМалъул хIурматалъул грамотаби, «За активную работу комсомола» медаль.

Гьелъие щун букIана доб мехалда рухI кьун хIалтIаразе гурого щвезе рес букIинчIеб «Дагъистаналъул муниципалияб хъулухъалъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб тIадегIанаб цIарги.

РахIмат ХIамидовна дида тIоцее лъана байбихьул классазда нижгун дандчIвазе вачIунев вукIарав КIудияб ВатIанияб Рагъул гIахьалчи ГIалиев ХIамидил яс хIисабалда. Кутакалда витIарав, ритIухъав чилъун рикIкIунаан мунагьал чурад гIадамазда гьоркьов.

Гъедуялдаса гъадил тIинчIги лумияб букIунеблъи бичIчIана дида РахIмат ХIамидовна лъайдал. Дунго цIаличIеб, щиб-кинали лъалареб букIана дие доб мехалъ дида тIад къараб журналистикаялъул иш: лъалароан гIадамал, жамгIияталда лъугьунеб-толеб. Кумек гьарун гIемерго ине кколаан администрациялъул хъулухъчагIазухъе. КигIан жиндир регIел гьечIониги, кинабго малълъизе, мухIкан гьарун сокIкIарал папкабазулъа рахъун баянал кьезе, кидаго кумекалъе ятулаан РахIмат ХIамидовна. БихьичIо дида гьелъ лъиениги нодо букIкIунеб, жиндирго тIадегIанаб хъулухъалдаса пайда босун, нахъе-цере цулелги. ХIалтIулаб хаслъиялъ, гьелъул бербалагьи букIине кколаан хIалтIуда камулел-кватIулел пишацоязда хадубги. Жакъа гIадин ракIалда буго, «Жийги нужго гIадай чIужугIадан йигин, кинабго нужер гъуждузде кколеб захIмалъидул гьирги бичIчIулин, амма букIаниги хIалкIун хIаракат бахъе тIад ругел хIакимзабазукьа нилъго нечелареб хIалалъ, щибаб къойилгIаги кватIаричIого рукIине», - ян РахIматил, лъилниги ракI сукIиларедухъ гьабураб, бадибчIвай. Берцинго бичIчIизеги гьабун, лъидениги гIарзги бахъичIого, кагътидаги хъвачIого гьабулаан гьелъ гIадлу. Узухъда, гьедин берцинго гьарараб гьари сан гьабичIого тезе нижги намуслъулаан.

Гьабулеб кагъат-хъарщиялъул ищ дурусай, кидаго щиб букIаниги гьабулей йикIине бокьулей инсан йикIана РахIмат хIалтIуда нахъа. Гьаниб асар гьабун батила комсомол гIуцIиялъул хIалтIуда нахъаги цебесеб кьерда, гьалдолеб гIумруялда бакьулъ ругьунай гьей йикIиналъ. Нужеца абизе бегьила, райадминистрациялъул хъулухъ кIудияб къо бихьулеб иш гурилан. Ва амма гIемерисел гьеб ишалда рукIун нахъе аразде, Расул ХIамзатовасул кочIолъ абухъе, хьвагIулел тIилалги камуларо:

*Щив пача кканиги, гьесий чIвалеб хъат*
*ЧIахъаги, чIахъаги, чIахъагийилан*
*Гьес тах тараб мехалъ хьвагIулел тIилал*
*ТIагIаги, тIагIаги, тIагIагийилан.*

Дир очеркалъул героиня гьединаздасан гуро. Цадахъ хIалтIаразги гIадатияб гIадамазги абула РахIмат магIнаяй, гIакъилай гIадан йигилан.

ХIукуматалъул хIалтIуда нахъа гурейги, хъизаналда жанийги гьединайго дурусай, кверда махщел бугей, рукъалъул гъанситухъ цIа ссвине толарей, хIалхьи гьечIеб ракIалъул, унго-унгояй умумузул заманалъул чIужугIадан ва эбел йиго РахIмат. Дун божула, 2007 соналъ хъизан-лъималгун МахIачхъалаялде яхъине ккеялъ, хIалтIи тун букIинчIебани, жеги чанги баракатги лъикIлъиги бахун букIинаанин РахIматидасан гIадамазеян.

Гьей йиго унго-унголъунги тахица жий гурей, жиндицаго тах берцин гьабурай инсан. Умумузухъан ирсалъе щвараб гIаданлъи-чилъиги, дандиясул адаб гьабиги, хундерие хасиятаб гIакъиллъиги жиндилъ бессарай йикIиналъ, рекIелъ хинлъигун щола дида гьей жакъа къоялдаги ракIалде. Гьелъ жакъа къоялде щвезегIанги цадахъ хIалтIаразда баркула байрамал, ургъел гьабула районалда лъугьунеб-толелъул, гIахьаллъула жамгIияб гIумруялда.

**Фатима МУХIАМАДОВА**

**«МагIарулай» журналалъеги бокьун буго баркизе РахIмат ХIамидовналда тIаде щолеб 8 март. Гьаризе хъизан-лъималгун парахатаб гIумру, щулияб сахлъи ва гьурмада рохалил гьими. Мун гIадал руччабаз чIухIизабун буго Расулил МугIрул улка.**

# БЕРЦИНАБ ТАЛИХIГИ ТАЛИХIАБ КЪИСМАТГИ

РакIалдаго гьечIого Муса унтун лъугьиналъ хъизамалъулги гIагарлъиялъулги рахIат хвезабуна. Бабал меседилан, васасда къвал барай Салиматил магIуялъе лъугIичIо гьечIин кколеб букIана. Лъиданиги бихьиларедухъ магIу бацIцIунев Мусал эмен Салманги вукIана. ЦохIо вугев вацасухъ гIодилев ГIалиги вукIана.

Тохтурзабазги Муса сахлъилев гIадаб хабарго бицунеб букIинчIо – гьесул цо гурони ургьисалаги букIинчIо. Бугебги унтараб букIана, ва, гьеб хисичIони, Мусал гIумруялъе хIинкъи бугилан абулеб букIана…

* * *

Салманил букIана берцинаб хъизан. Гьезул рокъоса лъугIулароан гIисинлъималазул чIиргъихъуй, Мусадаги ГIалидаги аскIоре рачIунаан росдалго лъимал. КигIан свакан хIалтIудаса рокьое ячIаниги, Салиматида ратулаан лъималазда абизе берцинал рагIаби. Салман дацийилан, Салимат адайилан лъималазул гогьлъиялъги, недегьлъиялъги, хIеренлъиялъги сверун ккун рукIана гьел. Гьезда бер ккелебилан хIинкъун, борхалъудасан гьезухъ балагьун букIана талихIги. Бер ккелареб гIадаб хъизан букIинчIелъулха гьеб.

БакъинегIан хIалтIун рокъове вачIарав Салманил горбода рекIине хIадурун рукIунаан лъимал. ТIагIамаб квенгун, гьуинаб гьимигун гьезда дандчIвай Салиматицаги гьабулаан.

Жидерго гьудул-гьалмагъзабазул эбел-инсуца гьабулеб адабалдаса чIухIун васалги рукIунаан. Гьелги ругьунлъулел рукIана кигIан гьитIиназулги хIурмат гьабизе. Школалда букIа, къватIахъ букIа, гьез киданиги лъиего толароан гьитIинал, загIипал къварид гьаризе. Школалда аскIоб рукъ бугей Зарипат кIодоги кIочон толароан гьезда. Щибаб къойилин абуниги мекъи ккеларо, гьез кIодое кумек гьабулаан, хасго хасалихъе, хур-хералъул хIалтIи гьабулагоги, хасало гIазуги тIамулагоги.

Заринат-кIодо унтун больницаялде ккедал, Салиматица кIиго анкь бана гьелда аскIоб, гьелъие къваригIараб щинабги чIезабун.

Киназго гIажаиблъи гьабулаан, Заринат-кIодо Салманил хъизамалъул гIицIго мадугьал йикIин лъайдал.

– ГIагаразцин милат гьабулареб мехалда, бихьулищха чияр гIаданалъе гьабулеб хъулухъ, – илан абулеб букIана унтаразги тохтурзабазги. Салиматги Салманги гIадал чагIи ракьалда рукIинчIелани, гIумруялъул тIагIамго букIинароан, бакъул чIоразул хинлъиги гIелароан. Гьединго куцалел рукIана гьез жидерго васалги.

Цо нухалъ хасало, чангъаздаги рекIун хъещтIелев вукIарав ГIали, чангъалгун цадахъ, кьурулъан гъоркье вортана. Гьесул черхалдаса гIемераб би бачIана. Больницаялда абуна гьесие би къваригIун бугилан.

Гьеб лъарав Муса больницаялде векерана. Цогидаз би кьезегIан чIезе рес букIинчIо – ГIали цIакъ загIипго вукIана. Ургъизе заманги букIинчIо. ТIалихI къосиналъ, Салманги Салиматги рокъор рукIинчIо – гьел унтарав гIагарав чиясде раккизе шагьаралде ун рукIана.

Тохтурзабаз Мусал би биччана ГIалил чорхолъе. ГIалидаса сахлъиялъул рахъалъ загIипав вукIана Муса. Амма Мусада кинабго кIочана, вац унтидал. Гьесие кIварцин букIинчIо жиндирго гIумруялъе бугеб хIинкъиялъул. Гьесие къваригIун букIана вац хвасар гьавизе.

Гьедин цоцазе кIудияб рокьигун гIун рачIунел рукIана Мусаги ГIалиги. Мусаца журналистасул махщел тIаса бищана, ГIалие учительлъи бокьана.

* * *

Гьале циндаго унтана Муса. Унтараб ургьисалаги нахъе босун, цIияб ургьисала лъезе кколин Мусаейилан абуна тохтарзабаз.

Гьеб лахIзаталъ ГIалида цеве вачIана чанго соналъ цебе, магIил бералги цIун, больницаялда жиндир кроваталда цеве эхетарав гьитIинав вац Муса. ГIали, гIемер ургьичIого, тохтурасда аскIове ана ва жинца кьелин Мусае ургьисалайилан абуна. Салманги Салиматги рихха-хочана. Гьел хIинкъана цощинаб ГIалиеги зарал кколадайилан. Амма ГIали жиндирго хIукмуялдаса кьуризавизе кIвечIо…

Муса сахлъизегIан, гьесда хадуб хъулухъ гьабизе, хIалтIудасаги нахъе вилълъана ГIали.

Гьале цIидасан Салманги, Салиматги, ГIалиги, Мусаги цадахъ.

ТIалихIги буго гьимулеб, борхалъудасан гьезухъги балагьун. Гьеб цодагьабго хIинкъулебги буго, гьезда бер ккелебилан…

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**



# Анисат Гlалибегова

Анисат Гlалибегова йиго Хунзахъ районалъул Цlада росулъ гьаюрай, гlурай, Гъоркьколое росасе арай, магlарул мацlги цlарги кидаго рехун течlей магlарул яс. Гьелъ нухмалъи гьабулеб буго Цlада росдал библиотекаялъе ва Поэзиялъул рукъалъе. Магlарул адабият кидаго бокьулаан Анисатие. Кучlдул хъвазе свин гьечlеб гъираги буго гьелъул рекlелъ.

## Каспиялъул рагlал

Каспиялъул рагlал, мугlрузул авал,
Анищ, дур сверда дир рокьул завал…
Зобал рогьун гьечlо, ралъад къун гьечlо,
Къоял рикьаниги, рокьи ссун гьечlо.

Йиго дун ялагьун цlилъулеб моцlрохъ…
Цlа боркьараб керен кин кlочон телеб?
Цинги гlенеккула гlодулеб рекlехъ…
Гlищкъул дол анищал кинан гуккилел?

Маркlачlул цlва буго, цlа гlадин, кунчlун,
Цlар берцинав гьудул, кив мун тlагlарав?
Каспиялъул рагlал, мугlрузул авал…
Вачlинилан гурищ мун ун вукlарав?

## Къункъраби

Бачlана ихдалил рохалилаб май,
Берцинал къункърабаз гьабуна тlавап,
Руссана тlелал ккун, гьаркьагъинаго,
Тlолабго халкъалъе рохелги босун.

Гьоркьоса цониги камунгlутlизе
Гьез кваркьаби руго цоцахъе ритlун,
Рекъелги, рохелги, рокьиги, ихги
Гьаркьаздалъун буго загьир гьабулеб.

– Гьайбатал къункъраби, хlеренал хlанчlи,
Хlухьбахъизе лъалхъе нижер ракьалда,
Рагъул гьаракь гьечlеб, гулил сас гьечlеб,
Гьайбатаб ихдалил май бачlун бугин.

## Рокьул сарин

Эркенлъи бекьараб дирго ракьалда
Дун рокьул къояца къвалакь ккун йиго,
Къец бан гlумру цlалеб гlищкъул каранада,
Вокьулес кидаго гуккун ятичlо.

Дир рокьи тlегьалеб гlатlилъиялда,
Тlогьолаб гурони махl букlунаро,
Хlасрат гьелегьунеб дир тlалъиялда,
Гьудулас кидаго яхl рехун течlо.

Гьаб дир гlумруялъул саназул сияхl:
Ватlанги, рокьиги, рекъелги, яхlги,
Расги нечечlого ахlулел руго
Дирго гьудуласе гьал сариналги.

## Хундерил Тlалъиялде

Дие бокьун буго гьаб ракьалда тlад
Рокьул сариназул хурзал рекьизе,
Жеги бокьун буго гlагараб Тlалъул
Тlогьол байдабазда сверун къвал базе.

Боржун унеб буго саназул гьоко,
Цоги сон сверана дир гlумруялъул,
Амма кигlан гlемер сверананиги
Свинаро гlагараб Тlалъуде рокьи.

Мехалги сверана саналги ана,
Саву гlемер ккана дир Тlалъиялда,
Гlагараб ракьалде бугеб рокьиялъ,
Гьелъул кочlол мухъалъун лъугьун йиго дун.



# Алжан баркун пирказ кодобе кьеяй...

– Йо, Баху, гьав ЧIанкIал цIиял кучIдулго гьечIищ, яц, кидаго цого кIучIдул чIалгIанин... ЧIанкIал юбилейги бугелъул, цо лъикIаб тадбир гьабизе бокьун букIана лъималазулгун...

– Валлагь, яц, гьаб ахираб заманаялъ гьес цIияб жого бачIинчIоха битIун... сунде вуссунгIаги вугевали...

*Гьадин кIалъалел чагIиги камулароха...*

Цоги гIажаиблъизаюна нилъер маданияталъул ва адабияталъул хIалтIухъабазда шагIирзабазул гIумру «цIакъго щвалде щун» лъалеб батиялъ. Цо бакIалда хъван батана БакьайчIиса ЧIанкIа вукIанила цIар рагIарав кочIохъан. КечI ахIун магIарулазда гьоркьов гьесухъе вахъунев чи вукIинчIила. Гьединалго кочIохъаби рукIанила гьесул вацги яцги. Гьарай маддат – гьабилеб дарман щиб?!

Гьадаб цо, бечедав чиясе мискинай чIужуги ячун гьавурав, яги мискинасе бечедайги ун гьавурав вукIиндал лъураб бугила ЧIанкIайин абураб цIарилан хабарги чIалгIине заман щвана. ЧIанкIада эбел-инсуца лъуна кIудаинсул цIар – ЧIанкIа. БуцIраса ИсхIакъил МухIамадица ЧIанкIадаги ТIинчIасдаги Тажудин ва Жамалудинилан цIарал хисиялъулги сваказегIан бицана.

Цойги. ГIумруялъ аб дунял бухулевги вукIун, ахиралде диналдеги вуссун, дунялги рихун, росу-ракь тун анила ЧIанкIаян хъван буго чанги бакIалда. Гьебги буго лахIчIегIераб гьереси! Кинаб ахир букIунеб кIикъойилъ вугев гIолохъанчиясул?

ЧIанкIа гьитIинаб къоялдаса нахъе цIалана БуцIраса ИсхIакъил МухIамадида, ГIашилтIаса КъурбангIалида, Местерухъа НурмухIамадида, цIар рагIарав математик ЧIикIаса ХIамзатхIажида ва цогидалги гIалимзабазда цеве. ЧIанкIада лъалеб букIун буго гIараб мацIалъул грамматика, лексика, гьединго логика, астрономия, математика, космография, риторика, тарих ва диниял гIелмаби. ЧIанкIал тухумалъул чагIаз ЧIанкIа лъабго нухалъ ун вукIанила хIежалдеян бицунеб батанилан абула. ХIежалде арав чи, гьев хвана нухда ва вукIун вуго Вади-Фатима росдал хабзалахъ. Хвараб мехалъ ЧIанкIае букIун буго 43 сон.

Жакъа къватIибе биччараб цIияб маххул гъурущ гIадин, жеги чанги нусго соналъ магIарулазе кенчIезе ругел (нилъеда мацI кIочIон течIониха) БакьайчIиса ЧIанкIал шигIрабазул бищун берцинаб, жиндирго рокьи ккарай ясалде гьабураб кечI бахъилин журналалда, 8 мартги тIаде щолеб бугелъул…

ТIоцевесев лирик, классик, чIужугIадан зодое яхинавурав шагIир, МахIмудил мугIалим, ЧIанкIал кочIодаса къиматаб сайгъат щиб букIинеб, ясал, нилъее?

## ГУЛИШАТИДЕ

*(Къокъ гьабураб)*

Забру варулаб хIежалъул Къуръан,
ХIал гьабулеб буго гьанже гьаваялъ,
ХIанил жисму бугеб зобалъул тIавус,
Зулму буго дие гьаб рокъиялъул.

Рукьбал меседилаб, сан маргъалулаб,
Самаияб хIанчIил хIал буго дие.
Куркьбазда варакъул накъищ угьараб,
Гьаваялъул лочнохъ чара хун буго.

Беразул нур сунеб сипат бихьидал,
Сабруяб ракIалъул гIадлу хисана.
Халкъ гIажиз гьаюрай гIадан ятидал,
ГIаданул беразул низам бихана.

Унго инсандай мун ,сипат гуродай,
Дир сабру лъугIараб гIажаибаб рухI.
ВахIай хIурулгIиндай,малаикциндай,
Дир хIалал рихьизе цее тIамурай.

Вабабай асиллъи, унго чIурканлъи,
ЧIегIерлъи беразул, берцинлъи гьурмал;
Гьай гIужбу карамат, камиллъи чорхол
Чергеслъи, хIадурлъи, хIатIил тIадагьлъи.

Унго логол битIи, ратIлил тIад рекъей,
Къвалзукъа чергеслъи, чорхол къагIида.
Лугбал инсанияй, сан маргъалулай,
Сон рикIун чапана мун дир чорхолъе.

ГIурусазул пургон, гьорол машина,
Машаалагь бечед, чорхол чIурканлъи!
Меседил карапин, кибритул ахIмар,
Кинанха йокъулей, йокъилей цойги.

Ихтияр кодоб кьун, квершел духьго тун,
Дуего бокъухъе йижун ятила.
Нахъе анищазул асар течIого,
Эбел тIаде тIамун, чIаран ятила.

Гьурмада бугеб сси, сверухъ бугеб нур -
Нахъе анищалъул асар тун гьечIо.
Ал ясазда гьоркьой мун чIараб мехалъ,
Хьухьикьан баккулеб бакъилан ккола;

ЯчIун гьезда бакьулъ мун гIодой чIедал,
Дир гIакълудул асар босун лъугIула.
Дудехун гаргазе гIащикъаб дир мацI
Цабзазда бухьуна, мун йихьарайго.

Дунял берцинлъана, заман чIухIана,
Мун йижаралдаса ракь пахрулъана.
Боялда нур барай, улка гвангъарай,
Губерня къалъарай къутIпудул хIуби;

Яхси, Чачаналда, Чергес ракьалда
Дуда чин бащадай яс ятиларо.
Шураб хъалаялда, губерниялда
Дуде сси бахараб сурат бахъичIо.

Сси бугел ясазул округ командир,
Дуе час кколарев гIадан ватичIо.
ГIараб басмаялда меседил аят,
Ясазул сси хола, мун цее чIани.

ЧIурканаб черхалде чергес хъабало,
Чанги махлукъ буго дуца гвангъараб.
Чергесал лугбазда лъарагIаб ретIел,
Лъаларо дур къимат - къватIул хабарал.

Бохда цIумур бараб цIар берцинаб хIинчI,
ХIалада лъаларищ дий бугеб балагь.
ХIираъ мегIералде магIдинаб гIанса,
ГIайибан кколарищ, дун гьадин тезе?

ГIиракъ, Мисриялда сардил явакъит,
Саламниги битIе, ракI гIатIилъизе.
Сидратуллагьалде ахIдолеб гагу,
ГурхIа, гьудул, дида, дун холев вугин.

ГIадамал хIайранаб, хIайван гIодулеб
ГIазаб буго дие, мун лъаралдаса.
ГIищкъуялъул купи карандеги къан,
Капураб гьаваялъ гьаглъулев вуго.

Гьаб хIалалъ мунилан холев дунги тун,
Хиял лъиде бугеб, дур хIал боххаяй?
ХIайванал гIажизаб гIумру дийги кьун,
Лъиде юссинедай къасд лъолеб бугеб?

Кинха гIайиб чIвалеб гIамал тIабгIалда,
ТIаде жийго йиччан, рищун ругелъул.
Дур рагIул гьуинлъи, гьурмал берцинлъи,
Бицунеб каламалъ кеп гьабулеб куц!

ГIадан-инсанилан яти гурони,
Ракьда хIетIе гуро, хIурда лъалкI гуро.
Гьурмадул нур буго, бакъул нур гIадаб,
Бакъуде рехарал хьухьал риунеб.

МагIарда чанилги чара бухIарай
Чиновникасул яс йосана гIадахъ.
ГIурус падишагьас алапа хъварай
Апцерасул ясалъ сагьвил гьавуна.

Бакараб кан гIадаб, канаб моцI гIадаб,
БечIчIараб рахь гIадаб, бахьинаб гьумер.
Я мун лъаралдаса лъарагIай бика,
Лъавудаса ана, гIакълу босана.

Алжан баркун пирказ кодобе кьеяй,
КидаллъагIан телев дун гьаб хIалалда?
ГIаршул рахIманасги сужда гьабеяй,
Сабаб гьабиларищ гьаб рокьиялъе?

**Баху МУХIИДИНОВА**

---

*Гьанже гIараб лъалелги гIемер ругелъул, ричIчIуларел рагIаби ЧIанкIал кучIдузулъ дагьлъун ратила:*

*1. Забру – печаталде бахъи*
*2. Жисму – черх*
*3. Самаъ – зоб*
*4. Асиллъи – гьайбатлъи*
*5. ГIужбу карамат – гIажаиблъи, тIадегIанлъи*
*6. Кибритул ахIмар – багIараб месед*
*7. Сайгид – бетIер, хважаин*
*8. ХIираъ – мегIералда цIар*
*9. Явакъит – якъут*
*10. Шараб – гьекъолеб жо*
*11. Алапа – шапакъат*

## РагIи лъай !

, ,, , , 

## ГIаламат гьечIеб сурат бате:

**(кьарияб, гвангъараб, бухIараб, къуватав, берцинай**








Сарат МУХIУМАЕВА

## *ГьитIинав устар*



ГьитIич ГIабуллагьица квартIа-гъецI кодоб ккуна,
МагIазул гъутухъ босун, рагьидехун къокъана.
– Вай, дир гьитIинав устар, мун щибизе вахъарав,
Сунда магIал чIвазеян квартIа босун къокъарав?
– Баба, нилъер бакIалъул бох буго бекун рехун,
Дица, магIалги чIван, гьеб букIаралъуб регъела.
– Воре, кIваричIин, дарман, ругъунги щун вукIина,
Къаси дада вачIингун, гьесда къачIазабила.
– Дада регIун гьечIоха, баба, гьаб бакI къачIазе,
Дун кIудияв гIун вуго, дицаго къачала бакI!



Фото Хасбулата Хасаева

# НАШИ В КИТАЕ



Творческий коллектив Дагестанского государственного театра кукол принял участие в VII Международном кукольном фестивале в китайском городе Цюаньчжоу, который проходил с 8 по 13 декабря 2023 года.

В фестивале приняли участие коллективы из 20 стран мира. Свои спектакли представили Египет, Аджария, Италия, Испания, Сербия, Китай, Филиппины, Иран, Аргентина, Индонезия, Турция, Алжир и др.

В числе почетных гостей фестиваля были представители UNIMA – Международного союза кукольников. В частности, Тито Лорефиче, вице-президент UNIMA, президент комиссии по профессиональному образованию (Аргентина), Дэвид Хисен, член UNIMA USA (США) и другие.

Кукольный фестиваль в Цюаньчжоу – это древнее искусство исторического и культурного наследия Китая. На протяжении сотен лет формировались правила выступления на этом фестивале. Первые куклы здесь появились более 2000 лет назад, а представления театра марионеток Цюаньчжоу существуют уже 800 лет!

Стоит особенно подчеркнуть, что Дагестанский театр кукол – единственный коллектив, представивший Россию на этом фестивале.

Дагестанские кукольники показали один из лучших своих спектаклей – «Дюймовочку» Г.-Х. Андерсена, которая завоевала уже немало наград на различных международных и всероссийских фестивалях.

В новом прочтении с детства знакомой «Дюймовочки» повествование ведут трое странников. Дует ветер одиночества, бесприютных скитаний и безысходности. Меняются времена года, а пустота остается неизменной... Но вот один из странников садится за заброшенный рояль, нажимает на клавиши, рождая простенькую, незатейливую мелодию. И вдруг на рояле оживает забытый кем-то цветок. Из цветка рождается маленькая девочка, и вот тут-то и начинаются поиски счастья. Путем долгих и мучительных исканий ей открывается истина: счастье – в душе, в полете, в свободе, а не в материальных благах!

Потрясающая, проникновенная игра дагестанских кукольников, несмотря на языковой барьер, произвела неизгладимое впечатление на зрителей и коллег из других стран. Несмолкаемые аплодисменты и слова искренней благодарности, которые звучали в адрес творческой команды, не оставляют сомнений, что «Дюймовочка» оставила добрый след в душе каждого зрителя.

«Не просто знакомство, а настоящее откровение», «Широта русской души – это не просто слова, она выражается в актерской игре дагестанских кукольников», «Завораживающая игра актеров, мы как будто вернулись в свое детство» – так китайцы выразили свое отношение к «Дюймовочке», единодушно отметив, что спектакль запомнился им своей глубиной и эмоциональностью, а дагестанские кукольники – своим артистизмом, талантом и исполнительским мастерством, погрузившим их в сказочный мир Театра кукол! Зрители поднимались на сцену, чтобы лично поблагодарить дагестанских кукольников и сфотографироваться с

ними, а также попросить автограф, несколько строк на память.

Немало добрых слов в адрес Дагестанского театра кукол прозвучало и из уст экспертов фестиваля. Так, Дэвид Хисэн, член UNIMA (США) отметил, что постановка «Дюймовочка» без преувеличения – лучший спектакль фестиваля. Эксперты высоко оценили актерскую игру, мастерство кукловождения и пластику дагестанских кукольников. «Этот спектакль по-настоящему стал украшением нашего фестиваля и подарком для всех нас. Театр кукол Дагестана на достойном профессиональном уровне создал удивительное и проникновенное прочтение знакомой всем нам с детства сказки. Настоящее искусство, несмотря на языковой барьер, всегда найдет путь к сердцу человека. Этот спектакль продемонстрировал нам это», – отозвалась о «Дюймовочке» председатель китайского отделения Международного союза кукольников UNIMA Чанг Янг Сен.





Организатор фестиваля – Китайский международный центр кукольного искусства UNIMA в лице генерального секретаря Тан Даю.

«Теплые отзывы китайского зрителя, высокая оценка профессиональных экспертов фестиваля – это стимул для всех нас, вдохновение созидать, ориентируясь на духовное наследие мировой классики, на общечеловеческие ценности, которые мы должны доносить до юного зрителя. Мы рады, что стали частью столь масштабного международного форума. Это большой и ценный опыт для нас», – сказала художественный руководитель-директор Дагестанского государственного театра кукол, заслуженный деятель искусств РФ Аминат Яхьяева.

Удачное выступление дагестанских кукольников было по достоинству оценено организаторами. Фестиваль не был конкурсным, а потому творческой команде театра на церемонии торжественного закрытия, как и всем другим участникам, вручили памятную статуэтку и диплом участников.

Кроме того, китайское объединение UNIMA запланировало и другие международные проекты с приглашением дагестанских кукольников.

**Виолетта РАТЕНКОВА**





# «Жемчужина театрального искусства Дагестана»

В 1914 году в Темирхан-Шуре в интернациональной семье родилась девочка, которой было суждено перевернуть все представления дагестанского джамаата о месте женщины в обществе. У русского народа есть пословица: «Бабья дорога от печи до порога». Этой девочке было суждено не только выйти за околицу, но и проложить себе путь в большое искусство.

Отца, даргинца из селения Кадар, звали Солтанмеджид, мать – кумычку из Нижнего Дженгутая – Балаханум.

В семейных преданиях говорится, что юная Балаханум пошла на свадьбу в Кадар и там юноша Солтанмеджид без памяти влюбился в приезжую девушку, которая задушевно пела и танцевала. Так сложились звезды, что они поженились. У них родились две дочери – Барият и Равган. Но недолго длилось счастье. Отец, красный партизан, был убит во время революции. При таких непростых обстоятельствах родилась звезда Барият Мурадовой – самой яркой артистки на небосклоне дагестанского театрального искусства.

Сегодня мало кто знает, что в 1903 году Нижний Дженгутай был встревожен слухом, что из аула увезены две девушки. Слух оказался достоверным. Дочери водовоза Алимурата Мурадова поехали в Санкт-Петербург давать концерты кумыкской песни. В столице России появились афиши с изображением девушек в национальных платьях. Это были мать Барият Балаханум и её сестра Ниярханум. Они прославились как замечательные певицы, но не стали профессиональными актрисами – в дореволюционном Дагестане это исключалось. Санкт-Петербургская фирма записала на пластинку песни сестёр. Старенькая, потрескавшаяся реликвия долгие годы бережно хранилась у их наследницы, но, к сожалению, не дожила до наших дней. До нас не дошла пластинка, но дошел талант Мурадовых. Барият унаследовала дарование от своей матери и тёти; весь род их был талантлив, музыкально одарен, артистичен. Все Мурадовы посвятили себя сцене, театру, музыке.

8-летней девочкой Барият стала жить в семье дяди, Татама Мурадова, впоследствии известного певца, музыканта, композитора, заслуженного деятеля искусств ДАССР. В 1920-е годы он руководил самодеятельными театрами, оркестром народных инструментов, хором. Передовой человек своего времени, он видел одаренность девочки и решил заняться ее воспитанием. Она и сама уже не помнила, в каком возрасте в первый раз вышла на сцену; одни называют три года, другие – восемь лет. Только она всю жизнь благодарила судьбу за тот час, когда маленькой девочкой впервые поднялась на сцену. Хотя это восхождение могло стоить ей жизни: в нее стреляли, ее забрасывали камнями.

Ее детство осталось на дорогах: переезды, выступления, концерты.



Барият наравне со взрослыми делила их нелёгкий актёрский труд. Девочка не мечтала о сцене. Ее сюда привела жизнь. Жизнь и была ее школой. В те годы женские роли в спектаклях, как правило, играли мужчины. И женщин, что нарушали эти патриархальные запреты, клеймили позором. Мурадова была одной из первых горянок, дерзнувших ступить на подмостки.

Барият окончила Махачкалинский театральный техникум и стала актрисой. Дядя считал, что Барият должна учиться музыке, и девушка стала брать уроки игры на фортепиано у опытной








пианистки Дженнет Далгат. В эти же годы Т. Мурадов создал ещё один кружок – при фабрике III Интернационала. На этом крупном текстильном предприятии работали в основном женщины, в их числе были горянки. Барият помогала организовывать работу кружка фабрики, была сорежиссером и актрисой нового коллектива. Здесь на большом торжестве, устроенном по поводу открытия клуба, произошло событие, которое оставило у Барият тяжелый след, и будь она слабее волей, очевидно, навсегда бы оставила театр. После официальной части должен был состояться спектакль. Едва Барият вышла на сцену, как острая боль обожгла ей ногу. Она упала. Раненую Барият отвезли в больницу и извлекли пулю. Кто стрелял – так и не удалось установить. Одни говорили, что выстрел был случайным, другие – что стрелял кто-то из родственников, третьи – что Барият пострадала за то, что пошла против «законов гор» и тем самым подала дурной пример.

– Ты первая, а первым никогда не бывает легко, – сказала ей Надежда Константиновна Крупская, будто предваряя её нелегкий путь в искусство. Было это на первом представлении дагестанского советского искусства в Москве в конце 1930-х годов.

В 1960 году во время декады литературы и искусства Дагестана в Москве Барият, которой было уже 50 лет, сыграла юную испанку Лауру в «Каменном госте» Пушкина и сделала это столь блестяще, что получила звание народной артистки СССР.

Следует сказать ещё об одном таланте Мурадовой. Она сама создавала песни к спектаклям или подбирала народные мелодии, исполняя их в своей обработке. В театральной программе первого национального спектакля Кумыкского театра «Айгази» значится: «Композиторы – заслуженный деятель искусств ДАССР Г. Гасанов и народная артистка РСФСР Б. Мурадова».

Актерская судьба Барият Мурадовой сложилась счастливо. Она сыграла более 300 ролей, многие из которых стали лучшими образами классической драматургии. За вдохновенный труд её полюбил народ. В театр шли на Барият Мурадову…

Судьбой её стал коллега по актерскому цеху Алим Курумов. У него удивительная родословная. Родители его познакомились и поженились в Ясной Поляне, и благословлял их брак сам Л.Н.Толстой.

В семье Курумовых-Мурадовых родились две дочери – Инесса и Белла. Инесса пошла по стопам родителей и стала актрисой, с отличием защитив диплом в Высшем театральном училище имени Бориса Щукина. За её спиной – галерея неповторимых образов, таких как Медея, Ханума, и высокое звание «Народной артистки России».

Белла – первая женщина-скульптор в Дагестане. Она окончила Высшее художественное училище имени Азима Азимзаде в Баку. Белла изваяла образ матери, увековечив его в бронзе. Перед зданием Кумыкского театра стоит этот хрупкий, как сама душа актрисы, памятник, и нежно кланяется новому поколению дагестанского театрального зрителя.

Государство высоко оценило заслуги Барият Мурадовой, удостоив ее самых высоких наград. Но больше всего она дорожила профессиональными наградами – Государственной премией имени К. Станиславского и высоким званием «Народной артистки СССР». И на особом месте в её сердце была бесконечная любовь её дорогого театрального зрителя.

**Хамис ШАМИЛОВА**



# КУЛЬТУРА МАЛОЙ РОДИНЫ

Дома культуры (СДК) и Детские школы искусств (ДШИ), библиотеки, музеи, автоклубы и кинотеатры в райцентрах и небольших селах Дагестана участвуют при значительной помощи и поддержке Министерства культуры РД в нацпроектах «Культура» и «Культура малой Родины» с самого начала их реализации. Результаты этой работы в муниципальных округах оценила координатор проектов, министр культуры Дагестана Зарема Бутаева. Она не раз выезжала по районам и мониторила работу на разных этапах строительства и капитального ремонта.

За последние годы в республике распахнули двери новые и обновленные после капремонта здания учреждений культуры в разных районах Дагестана. В 41 доме культуры проведен капитальный ремонт, в 9 ДК – текущий ремонт, создано 11 модельных библиотек. Зарема Бутаева лично приняла участие в открытии всех СДК. Только в конце декабря прошлого года были открыты СДК в Курахе, Учкенте и Кизилюрте.







С 2018 года модернизировано 50 домов культуры и по другим проектам: «Местный дом культуры» и «Культура малой Родины», «Театры малых городов», «Театры – детям», «Модельные библиотеки», «Автоклубы».

Напомним, что эти проекты реализуются партией «Единая Россия», их реализация имеет большое значение для развития сельских территорий, так как у небольших муниципалитетов нет возможностей для проведения ремонта или обновления материально-технической базы в сельских учреждениях культуры на собственные средства.

Жители дагестанских сёл теперь могут посещать дома культуры, где успешно выступают любительские взрослые и детские хоры, фольклорные группы, хореографические кружки народного танца. После строительства или капремонта по программе «Культура» учреждения оснащаются новым оборудованием, мебелью, световой и звуковой аппаратурой, одеждой сцены, приобретаются сценические костюмы, музыкальные инструменты, интерактивные доски, оргтехника, что дает возможность работникам культуры выйти на другой уровень, повышает качество работы, позволяет развиваться, расширяет творческие возможности участников самодеятельности.



Задачи по модернизации и развитию учреждений культуры, обеспечению максимальной доступности и улучшению культурной инфраструктуры, поддержке программ и проектов, связанных с сохранением культурного наследия и развитием новых направлений, внесены в народную программу партии «Единая Россия».

**Виолетта РАТЕНКОВА**





# ГIАЗИЗ ГIАЛИЕВАСЕ ПАМЯТНИК




Киналго дагъистаниязда лъаларого батизеги бегьула ГIазиз ГIалиев щивали, МахIачхъалаялъул аслияздаса цояб къватIалда щай гьесул цIар лъун бугебали ва щай гьесие памятник бан бугебали…

ГIазиз Керимович ГIалиев (ГIазиз Мамед Керим огълы) ккола рагъул саназ Дагъистаналъе нухмалъи гьабулев вукIарав пачалихъияв ва политикияв хIаракатчи, азербайджанав, гьабсагIат Азербайджаналъул президент Ильгьам ГIалиевасул кIудаэмен, гIалимчи, медицинаялъул гIелмабазул доктор. Гьев вукIана I942 – I948 соназ Дагъистаналъул Обком КПССалъул тIоцевесев секретарь. КIудияб ВатIанияб рагъул заманаялъ цадахъго гьев вукIана МахIачхъалаялъул оборонаялъул Комитеталъул председательлъунги.

Байбихьудасанго ГIазиз ГIалиевас живго вихьизавуна бажари бугев гIуцIарухъанлъун. ЗахIматал рагъул соназ гьес республикаялъул киналго рахъал нухда рачана: къабул гьаруна ва гIумру гьабизе бакIал кьуна рагъ тIаде щун тIурун рачIаразе, гIуцIана рагъулаб производство ва транспорт, рагьана госпиталал, рана оборонаялъе хIажатал сооружениял.

Дагъистаналъул госпиталазда рагъул соназ сах гьарулел рукIана I35 азарго лъукъарал, рагьде тIад вуссана I00 азаргоялдасаги рагъухъан. Республикаялда гIуцIун букIана I2 партизаназул отряд, чанго батальон, I2 азарго чи гъорлъ вугеб халкъияб ополчениялъул 693 подразделение.

ГIазиз ГIалиевасул жигаралдалъун, граждан рагъул бахIарчи Хъара Хъараевасул командованиялда гъорк, фронталде битIана чотIарекIаразул эскадрон. Нусгоялдасаги нухалъ рагъухъабазда цере кIалъазе рахъана агитбригадаби. ГIадатиял захIматчагIаз фронталъе бакIарана гIемераб гIарац-месед. Дагъистанияз кьураб гIарцухъ бана ва фронталде битIана лъабго рагъулаб бронепроезд, Шамилил цIаралда танказул колона, У. Буйнакскиясул, В. Эмировасул, М. ДахIадаевасул, Г. Саидовасул, Д. Богатыревасул ва цогидазулги цIаразда авиаэскадрильяби.

КIудияб кIвар кьолеб букIана ГI. ГIазизовас руччабазул кадрал хIадуриялде ва гьел жамгIиябгун пачалихъияб гIумруялде гъорлъе цIаялде. Гьесул жигараб гIахьаллъиялдалъун рагьана Дагъистаналъул Ручабазул мугIалимзабазул институт ва Руччабазул педагогикияб училище. Гьесул хIаракаталдалъун гIуцIана Дагъистаналъул филармония, школазул институт ва цогидалги гIемерал гIуцIаби.

Дагъистаналдасан ГIалиев вачана Москваялде пачалихъияб хъулухъалде, хадуб гьев Азербайджаналъул пачалихъиял органазда ва сахлъицIуниялъул учреждениязда хIалтIана.

ГIазиз ГIалиевасе бараб памятник буго, бищун захIматал рагъул соназ республикаялъе нухмалъи гьабурав ва Дагъисаналъулги Азербайджаналъулги халкъазда гъоркьоб гьудуллъи ва вацлъи бекьарав нухмалъулев хIисабалда, дагъистаниязул гьесдехун бугеб баркалаялъул ва адаб-хIурматалъул гIаламат.

7 тонна бакIлъи ва 4 метр борхалъи бугеб гьеб монумент гьабун буго Ураладаса бачIараб граниталъул. Жибго гьеб скульптура бекIкIана Бакуялда. Гьелъул авторалги руго скульптор ГIумар Эльдаров ва архитерктор Эльбай Къасим-заде.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**

# НУСГО СОНАЛЪ КЪВАРИЛЪУН,



Журналистикаялда дун вугелдаса 40 сон унеб буго. ХIалтIуца вачун, гьаб республикаялъул дун щвечIеб бакI хутIичIилан абизе бегьула. ГIемерав батIи-батIияв чиги чIвана данд. Цо-цоял рукIинего рукIинчIел гIадин, кIочон тана, цогидал, рекIелъ лъалкI тарал, санал аниги, зама-заманалдасан ракIалде рачIуна. Гьел киназулго гьаркьазда гьоркьоб Кяхулаялдаса Ханза Апай СултIановалъул хIеренаб гьаракь чIвана гIинда, сон-церекъад гьей йихьун йикIарай гIадин. Дица гьелъие суалго кьечIо, биччан диктофонгун гIенеккун вукIана:

«Екерун ячIиней йиго дир цодагьай тIадагьай мадугьал ПатIив. КъваригIараб жониги батилилан йикIана. Бокьарасухъ гIенеккизе хIадурай, сабурай гIадан йигелъулха дунги. «Ханза. Дуца I05 сон банилан абураб жоялда божизецин захIмат буго. Росулъ цониги дур гIелбащадав чиги хутIун гьечIо. Мунагьал чураял гIагаралги кигIан дуца рукъарал… КингIаги гьеб кинабго дур ракIалъ хIехьараб?» – илан дир ракI лъукъана гьелъ. «ГанчIилгIаги гурищ дур гьеб ракI бугебилан абизе бокьун букIанилан ккола гьелъие дида. Дица гьелъие жаваб кьечIо. Лъалебани гьелда кигIан гIемер магIу дица гьаб халатаб гIумруялда тIурабали. Лъаларо щай Аллагьас гьалгоцинал санал дие кьуралалицин. ГьитIинал лъимал къварид гьаруни, гьел гIодула, руцIцIуна. Херал чагIаз щиб гьабизе кколебалицин лъаларо къварид гьаруни. РакI къварид гьабулеб рагIудаса цIунулеб дару батизеги бегьула дунялалда, амма дида рагIичIо. Чанги нухалъ дандчIвана гIумруялда рагIуца би тIураб лъугьа-бахъиналги.

Сахлъиги дир киданиги квешаб букIинчIо, я поликлиникаялде хьвадичIо, я врачазухъе инчIо. Цодагьабниги лъикI гьечIого лъугьани, Таргъу магIардаса хурдуз сахлъизаюлаан дун. Ахираб заманаялъ цодагьаб канлъи бихьуларого йиго, лазат бахъун. ЦIороберал гьечIого жого кколаро. П-мидор-охцерал гIезаризе гьелъулги квал-квал гьечIо дие.

ГIемерав чи дандчIвана дида гIумруялда жанив. Бищун рокьуларел чагIи руго гьерсихъабиги чIухIухъабиги. Баккулаго лъала дида гьединал чагIи ратIа рахъизе.

Дирго лъимерлъиялъул бицинаро дица дуе. Гьениб бицине гIадаб лъикIаб жоги букIинчIо. ГьитIинго хутIана дун эбел-эменги гьечIого, щибго лъикIаб жоги бихьичIо. Хадуб инкъилаб, лъугIиго гьечIел рагъал, бидул ралъадал…

ЖабрагIилие ун хадуб гIемераб мехалъ лъимал рукIинчIо нижер. Дун гьесдаса микьго соналъ гьитIинайги йикIана. Цояздаса цоял гьитIинал анкьго лъималги нахъе тун, хвана рос-лъади, гIагарал чагIи. Гьезул тIалаб гьабизе рес бугев, Анжиялда, Темир-Хан Щурагьиб гостиницабиги рукъазалги гIемерав бечедав чи вукIана Атак-ХIажи. Нижер росулъ, Кяхулаялда букIараб гьесул рокъобги кигIан бокьаниги рукъ гьечIого хутIарал лъимал гьинаан. ГIарацги букIана кигIан бокьаниги. Амма гьев вукIана тIокIав вукIинаревгIан къварумав. Гьес лъималги рачинчIо. Гьел лъимал нижеца нижехъего рачана.

Къисматалъ щиб хIадурун бугебали лъаларел ниж рукIана гьединаб гIумруялда. Росулъ рагьана тIоцебесеб колхоз, дун бригадирлъун тIамуна. I939 соналъ ВДНХялде Москваялдеги ахIун, лъикIаб хIалтIухъ дие медаль кьуна, «Правда» газеталдагицин хъван букIана.

РакIалдаго гьечIого байбихьана рагъ. Дица гIезарурал МухIамадсалихI, СултIан, Нюрютхан ана фронталде. Бищун гьитIинав ХIажи гьеб заманаялъ Ка-

# НУСГО СОНАЛЪ ЙОХУН…

спийскалъул ФЗУялда цІалулев вукІана. Гьевниги хутІилин дида аскІойилан хьулазда йикІана. Амма рагъуда гурхІел лъаларо…

1944 соналъул апрелалада ниж Хасавюрт районалда бугеб чачаназул росухъе гочинаруна. Щаяли бичІчІулев ва лъалев чи вукІинчІо. Гьанжегицин хІакъикъат нилъеда бицунаро. Рекьарал хурзалги, цІолбол ахалги, бокьалги хутІана рукІухъе ва заманалдасан гьезул нахъе жого хутІичІо. Амма гьединал жалаз къуркьулел чагІи нилъги гуро. Гьелдасаги кІудиб бихьана нилъеда тарихалда. ЦІияб бакІалда хехго магІишатги бахъинабун, нижеца фронталъе кьезе байбихьана гьан, рахь, квас… ва фронталдаса нижерго васазухъ рала-гьун рукІана.

Бергьенлъи гІагарда букІана Грозныялдасан СултІанихъан кагъат бачІарабго. Нусги дунги, рагъул заманаялъ кІудияб гІакъубаги бихьун щвана Грозныялде, гьев вегун вукІараб госпиталалде. ВатичІо. Ругъназул мадар лъугьингун, гьев цІидасан рагъде ун ватана. «Тохтирас дир черхалдаса I8 гІарададул гуллил кесек бахъана. Вуссигун бихьила, кинабго бицина», – ян хъвалеб букІана гьес кагътида. Одералда гьужум гьабулаго, Бергьенлъиялъул къо щвезе анкь хутІарабго, гьев чІвана. Вай Аллагь, щай гурхІичІев, щуго лъимадул эмен, дир СултІанида…

Рагъ лъугІигун вуссана МухІамадсалихІ, рагъулъ бохги камун ХІажи. ГІемерал рукІана захІмалъаби, амма ниж зигардичІо. ЦІоросароль бекьулаан, гІачи хьихьулаан, ахал гІезарулаан. БукІана нижер гьобоги… Дица гІумруялъ босичІо базаралдаса пихъ-мичІ, помидорал, охцерал, гІурччинлъи… Кинабго дирго пастІаниб. Жакъаги дун босун газагун яхъуна пастІание, дирго лъималазе ва гьезул лъималазе гьабула тІагІамаб мурапа …

Дир лъимазулги хъахІлъана бутІрул. МухІамадсалихІица 80 бана, ХІаваги 70 ялдаса тІаде ана, ТІагьирил, Зарипатил, Апавил руго лъималазул лъимал. Гьезда руго аразул цІарал: ХІажи, СултІан, ЖабрагІил, Сакинат, Рашитхан, Ибрайхан… Гьез ракъвазе толаро дир гІумруялъул кьалбал. Гьадин йигоха, дир вас, нусго соналъ къварилъун, нусго соналъ йохун…».

**P.S.** Щаялиги, дир бицун берцинал лъимерлъиялъул ракІалдещвеял дахІабабагун ва дахІададгун хурхарал руго. Гьел руго жакъаги бахІарчилъиялъул, къо хІехьеялъул, тІалаб-агъазалъул, рокьиялъул мисаллъун дие. Гьеб нартил чирахъазда гІураб гІелалъухъа кин бажарараб гьединаб рекІел хІеренлъи, гІамалалъул лъикІлъи жиделъ цІунизе? Гьезда лъалаан гІумруялда щвараб гьитІинабги рохелдалдасан талихІаллъун рукІине. Нилъехъа гьедин бажарулищ, гІорцІаралги, бокьанщинабги щвараб заманаялъ гІумру гьабун ругезухъа? Дир гьелъие жаваб гьечІо. Дозда лъалаан гІумруялъул магІна, гьел къеркьолаан мурадалъе гІоло… Нилъер щиб бугеб?

Россиялда цІакъ лъикІаб гІадат баккана «ХвелгьечІеб полк». Амма щаялиго дол нилъер кІудаэменазда аскІор нилъеда кІодоэбелазул суратал рихьуларо. Гьезул бахІарчияб хІалтІиги, кутакаб сабруги букІинчІебани, кІвелаандай нилъеда тушман къезавизе? Гьеб кІочене бегьуларо ва транспорантазда «Баркала кІудадаеги кІубабаеги нилъер бахІарчияб бергьенлъиялъухъ!», - илан хъвазе ккола.

**Алав ГІАЛИЕВ**






# ГIЕЛАЗУЛ ГЪИРА БИЖИЗАБИЗЕЛЪУН

Къого сон ана Аслиханум Исраиловалъ жидер гIагараб Ясик росулъ маданияталъул хIалтIи тIаде босаралдаса. Гьеб иш гьелда тIадкъайги тохлъукьего ккараб хIукму букIинчIо. Гьей кколаан гIураб хIалбихьиги щварай бажариги бугей хIаракатчIужу.

– Дие гьитIингоялдаса бокьулаан кьурдизеги кечI ахIизеги. Гьеб киналъего дие мисаллъунги йикIана эбел. Долъ кучIдул хъвалаан ва ахIулаан. Школалдаги дун йикIана маданияталъул аслияй хIаракатчIужу, гIумруги гьелдаго бухьинабуна, – ян бицана СДКялъул нухмалъулей Аслихханумица.

Маданияталъул рукъалда абула «маданияталъул гъаситоянги». Гьеб гъаситоялда жаниб цIа кквеялъе, сверухъ ругезе гьелъул хинлъи щвеялъе рекIелъги букIине ккола хинлъиги рокьиги. Табасаран районалъул Ясик росдал маданияталъул рукъалъул нухмалъулей гьединаб цIа рекIелъ бугей йиго.

– ГIемераб жо лъазабизеги ккана. Дица гьеб хIалтIи гьабула нилъер умумузул хIаракаталъул хIалбихьиялдаса пайдаги босун. 2005 соналдаса нижехъ хIалтIулеб буго музей, гьениб гIун буго кIинусгоялдаса цIикIкIун экспонат.

– Дица кидаго кIвар кьолеб жо буго рухIияб ва адаб-хIурмат цIуниялъул, ай тIаде гIолеб гIелалъе лъикIаб тарбия кьеялъул рахъ, – абун бицана Аслиханумица. Гьелъ гIемер лъолел руго гIисинал спектаклял, театралиял сценкаби, тIоритIулел руго адабияталъул сардал, хIаял, къецал, хIадурлъи гьабулеб буго байрамазде. Сценариялги Аслиханумица жинцаго хъвалел руго. Гьелъ абулеб буго, хIалеб ролалъ хIакъикъат бихьизабизе ккани, гьеб нилъерго рекIелъан биччараб букIине кколила ва сценалдасан щибаб рагъариги унгояб букIине кколилан.

– Нижер кIудияб росу буго, азаргоялдаса цIикIкIун цIараки жаниб бугеб. Гьениб гIумру гьабула табасараназги, азербайджаназги, агъулазги, руго лезгиял ва цогидал миллаталги. Табасаран районалъул югалдехун кколеб микьго росу миллатал журарал росаби ккола ва гIумруги гьениб хъизанал - гIагарлъи журараб буго, аслияб къагъидалда азербайджаназулгун. ГIолилазе бокьани батIияб миллаталъул чиясулгун къисмат бухьинабизе, лъицаниги гьукъуларо.

Байрамалги гьанир рукIуна цадахъал. Нижехъ бищунго аваданаблъун букIуна Навруз байрам (табасараназул Эбельцин). Росдал гIадамаз гьениб жигараб гIахьаллъи гьабула. Нижеца рихьизарула бакIалъул гIадатазда ва гIумруялда хурхарал сценкаби, гьел гIадамаз лъикI къабулги гьарула.

***– Байрамал нижер квен-тIех гьечIел ва гIодорчIей гьабичIелги рукIунаро. Пирогал режула, варениял рагьула, пихъ-мичI босула. Гьедин бечедаб тепси тIибитIула. Нижер гIемерисел церерахъинал кIудияб гIелалъул гIадамазул хIурматалда гьарурал рукIуна. Амма гьениб гIахьаллъи гIолилаца гьабула. Гьел ратула кидаго дие кумекалъе.***

Росуцоязе аваданлъи гьабизе бокьула дие. БукIана заман гьеб ихтилат-кепалъе квал-квал ккарабги. Пандемия. Доб заманалда гIадамал клубалде рахъунел рукIинчIо. Гьелъул хIинкъи тIаса аралдаса, нижеца гIадамал цIидасан цIана маданияталъул кIалгIаялде, – абун гьимана Аслиханум Исраиловна.

Аслиханумица ва гьелда цадахъ хIалтIулез цониги кIвар бугеб тарих гьоркьоб биччалеб гьечIо. Хасго кIудияб хIадурлъи гьабулеб буго КIудияб ВатIанияб рагъалда хурхарал тадбиразде.

– Гьел тадбиразда нижеца гIемерал гIадамал ва хасго гIолилал, гIисинал лъималги гIахьал гьарула, – ян бицана гьелъ. – КIвар бугеблъун бихьула тIаде гIолел гIелазда доб заман ракIалда щвезабизе ва цебечIезабизе. Гьеб кинабго тарихалъул тIахьаздаса цIалун ва киноязда бихьун гIоларо. ХIакъикъияб цебечIезабиялъе къваригIуна бихьизабиги. Гьединлъидал гьез гьабун буго КIудияб Бергьенлъиялъул Къоялъул стендги. Гьединго гIемераб бицунеб буго гьанже унеб бугеб СВОялъулги.

«Маданият» абураб миллияб проекталъул кумекалдалъун гьезие рес щун буго Маданияталъул рукъалъул материалияб рахъ лъикIлъизабизеги, гьеб берцинго къачIазеги, сверухъ бугеб территориялда ракI тIаде цIалеб берцинлъи гIуцIизеги.

– Бокьула къаси заманалда клубалде гIемерал гIадамал рачIине. Чанги лъугьана гьанир, художественияб гIумруялда гIахьаллъи гьабун, бажари-гьунар загьирлъун къватIире аралги. Дида гьел киналго ракIалда руго. Гьелги гIемер рачIуна нижехъе дандчIваял гьаризе.

Нижеца росуго гIахьаллъун гьарула азербайджаналъул тIагIамаб квен-тIех. Мисалалъе «СеменИ» гьабула марталъ. Гьеб ккола пурчIуналъул мурапа. Амма хIадур гьабизе ккола анцIго къоялъ. Байрамалъулаб тIагIамилан рикIкIунеб нигIмат буго «СеменИ». Гьединаб буго гIадат. Гьединал мисалал гIемерал рехсезе бегьула. Нижеца жигар бахъула умумузул рукIарал лъикIал гIадатал: кьурдаби, кучIдул, гьел хъвай ва цогидабги ракIалда щвезабизе ва цIуниялъе квербакъизе. ГIемер ракIарула СДКялда руччабазул данделъиялде, нижеца гьелда абула Гъизляр-гичеян.

– Дие бокьула дирго хIалтIи, рокьула росуцоял, сценалда хIазе. Дир профессионалияб анищлъун ккола гьунарал тIатинари ва гьел церетIезариялъе кумек гьаби. ГIемерал сонаца гьабулеб буго гьаниб кружоказулаб хIалтIиги, – абун бицана Аслиханумица, цебехун букIарабги ракIалда щвезабулаго. – ГIезегIанабго буго гьабурабги баркала щварабги хIалтIи. Гьаниб кидаго хIалтIула шахматазул ва шашкабазул клуб, рукъариялъул, угьариялъул ва халичаби гьариялъул кружокалги. Гьанже хIалтIи клубазда дагьаб батIайисаги гIуцIулеб буго. Рагьана цIи-цIиял кружокал, студиял, ансамблял, спорталъул секциялгицин.

Нилъер заманалда росабалъ гIумру гьабизе бигьаги гьечIо. Гьанирги гIадамазе къваригIунел руго шагьаразда ругелго гIадинал шартIалги санагIалъабиги. Амма гьел гIуцIизе рес гIемериселъ букIунаро. ХIалхьиялъе рекъон ккола шартIал рукIинари абуни кIудияб кIваралъул ишлъун буго.

***Диего росдал клуб ккола гIадамазул гIумру жиндилъ бихьулеб бакIлъун, гьелъул унгояб маданияталъул централъун. Росу бугебгIан заманалъ букIине ккола гьениб гIуцIарухъанлъиги жигарги. Ясик росдал маданияталъул рукъ гьединаб бакIлъун унгоги буго. Гьенире ракIалъ цIалел руго чIахIиялги, гIолохъабиги, тIаде гIолел лъималги.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



ЖУРНАЛАЛЪУЛ

# ЦЕРЕСЕЛ ЖИЛДАЗДАСА

**Мужалат… Гьениб лъураб сураталъ гIемераб жоялъул бицуна… Гьениб бихьизе бегьула магIарулалъул хасият. ГIемерал сонал гьоркьор аниги, гьениб бихьизе бегьула доб цебехун букIараб берцинлъи, жигар ва цогилалги сипатал. Гьеле цо гьединаб, къого соналъ цебе «МагIарулай» журналалъул жилдалда букIараб сураталъул бетIергьаналъул хIакъалъулъ буго гьаб жакъасеб макъалаги.**

Гьел арал соназда жаниб гьелъул гIумруялда гIемерал батIи-батIиял лъугьа-бахъинал ккана. РукIана лъикIал ишалги камичIо захIмалъабиги…

– Гьай-гьай гIемерал хиса-басиял ккана улкаялдаги дир гIумруялдаги, – абун бицана гьелъ. Дие камуна гIагарал, чанго соналъ хутIана чIегIер бан. Амма гIумру гьабичIого гIоларо… Жакъа жамгIиятги доб цебе гIадинаб гьечIо, гIолеб гьечIо социалиябгун политикияб жигарчилъи, цолъи чучлъун буго.




Дица гьелда гьикъана жакъасел бахIарзал щалин кколел абун. Гьей лъикI ургъана ва битIахъе жаваб гьабуна, гьел ратIа гьаризе захIматаб иш бугилан. Амма гьебго заманалда СВОялда гIахьаллъулел рагъухъабазул хIисаб гьабуни, унго-унгоял бахIарзаллъун гьел кколила ва гьединаз ракIги бохизабулеб бугила. Гьеб кколила бахIарчилъиялъул хвел гьечIолъи, гьеб гIелаз гIелазухъе кьолеб букIин илан абуна гьелъ.

– СВОялъул хIажалъи лъикIго бичIчIулеб букIаниги, чIужугIадан хIисабалда, дие бокьилаан рекъел ва парахатаб гIумру букIине…

Гъазигъумекиялдаса Сурхайханил ирсилай Жанна гIуна кIудада Джафар Ибрагьимовасул ва кIодоэбел Пахай Имрановналъул рокьой, гьезие хирияй яслъун. ГIураб букIана рокьиги хинлъиги. Гьезул квегIенаб азбаралде, самоваралъуб гьалараб чай гьекъезе ва хабаркаламалъе гIемер гIагарлъиги мадугьаллъиги данделъулаан. Гьобол-гьудул хириял гIадамал рукIана рукъалъул бетIергьаби. Гьединаб талихIаб лъимерлъиги букIиндал, Жаннада ракIалда хутIарал гьуинал ва хинал лахIзатал гIемерал руго. РукIана гIемерал гьалмагъзабиги. Гьел гIумруялъго гьелъие хирияллъунги къваригIиндал ратулеллъунги хутIана. ЛъикIал ккана гьелъие школалда мугIалимзабиги. Гьез цIалдохъабазул тIалаб жидерго лъималазул гIадин гьабулеб букIана.

Школалда загьирлъана Жаннал литератураялде рокьи ва гьелъие пагьму-гьунар. Гьелъул рахъ ккуна киналго сверухъ рукIарацаги. Жаннал рекIелъ гвангъана литературияб шавкъ. ГIемерал ккола ан батIи-батIиял асаразда тIасан, асаразулъ ругел героязда хурхарал харбалги бахIсалги. Гьелъ кучIдул ракIарулаан, гьезул цIун рукIунаан рицатал тетрадал, лъазарулаан гьел рекIехъе. ХIалбихьулаан гьелъ жинцаго

хъвазеги. Цо нухалда, таваккал гӀуна жиндие хирияв шагӀир Э. Асадовасухъе кагъат хъвазеги. Амма жаваб бачӀинилан ракӀалда кколароанилан абуна Жанна Надыровналъ. БачӀанила жавабги ва гьелдаса хадур жал кӀиго соналъ цоцахъе хъвадаранила, гьедин жиндихъе бачӀараб I6 кагъат жинца жакъаги цӀунунги бугила.

Школа лъугӀидал ясалда ракӀалде ккана къватӀисел мацӀазул факультеталде лъугьине. Мурад букӀана ингилис мацӀ гъваридго лъазаби ва литератураялда тӀад хӀалтӀизе щвей. МугӀалимаздаги бихьулеб букӀана гьелъул хӀаракат ва бажари-гьунар. Жигарай студенталъе кумек гьабулаан, гьелда тӀадкъалаан гӀелмиял докладал гьаризеги. Гьединаб хӀалалда ва хӀаракаталда цӀалун, Жаннае рес рекъана аспирантуралде нух рагьизе…

Гьелъ нахъа тана гӀелмиял цӀех-рехазул киналго болъаби. Бигьаго букӀинчӀо гӀелмиябги мугӀалимлъиялъулабги хӀалтӀи цадахъ бачине.

Жанна Надыровналъ цадахъго рачунел рукӀана хъизаналъул тӀалабалги. Жеги кӀиабилеб курсалда йигӗб мехалдаго ана гьей росасе. ГӀолеб букӀана кӀиго лъимер. Росасги гӀагарлъиялъги гӀемераб кумек гьабуниги, кинабго гьезде бегун тезеги бегьулароан. Амма кин букӀаниги, аспирантураялда цӀаларал сонал ккана, захӀматал рукӀаниги, творчествоялъулаб рахъалъ церетӀурал ва талихӀаллъун.

I986 соналъ гьелъ цӀунана кандидатлъиялъулаб диссертация. Гьеб заманалда Жанна Надыровна лъикӀ лъалаан Дагъистаналъул гӀелмияб свериялда. Гьей йикӀана свак лъаларей хӀаракатчӀужу. «Заман гӀоларого бугеб-гӀан, гӀемераб гьабизеги бажарулаан», – абун елъана гьей.

80 абилел соназда Дагъистаналъул печаталда рахъана гьелъул кучӀдулги цогидал асаралги. ТӀоцересезул цояблъун букӀана «Коммунистазул талихӀкъей» абураб психологиялъулаб этюд. Гьениб жаниб гьелъ хӀалбихьун букӀана Сталинил заманалда нилъер улкаялда жаниб лъугьун букӀараб захӀматаб ахӀвал-хӀалалъе къимат кьезе.

– Сталинил хӀакъалъулъ психологиялъулаб драма хъвазе дида ракӀалде ккана I986 соналъ, – абун бицана Жанна Абуевалъ, – Сталинида данде компания хӀалтӀизабулеб заман букӀана. Дунги гьесул рахъ кколей гӀадан йикӀинчӀо ва лъалаан кинал балагьазде гьесул нухмалъиялъ рачаралалиги. Амма кинаб къимат гьесие кьелебали дида лъалеб букӀинчӀо, гӀенекунги кинго чӀезе кӀвечӀо. ГӀемераб тарихалда хурхараб литература цӀалана, 30 – 40 абилел соназул архивал регана… Гьеб повесть «За Родину, за Сталина» абураб газеталда бахъидал дир цӀакъго рахӀатги хун букӀана.



200I соналъ къватӀибе бачӀана «И дней мелькает череда» абураб сборник, хадуб дир гӀагараб Буйнахъскалда бахъана тӀехьги. РакӀалда букӀинчӀеб хӀалалда гӀемераз къимат кьуна тӀехьалъе. ГӀемераз ахӀун бачӀана, баркала загьир гьабуна, баркана. Абулеб букӀана жидеда ракӀалда букӀараб щинаб жо хъван бугила, дица жидеда гӀолохъанлъи ракӀалде щвезабунила. Гьелдаса хадурги рукӀана рахъарал тӀахьал: къисаби, хабарал, кучӀдузул сборникал…

– Литератураялъги, гӀелмуялъго гӀадин, хӀалтӀизабула бетӀерги, бечелъизабула мацӀги, гӀатӀилъизабула лъайги, – ян абуна Ж. Абуевалъ. Гьединлъидал батила, лъайкьеялъул ишалда цадахъ, гьелъ гьираялда литературияб творчествоги бачунеб бугеб. Жанна Надыровна ккола профессор. Гьелъ гӀемерал соназ нухмалъи гьабулеб буго ДГТУялъул къватӀисел мацӀазул кафедраялъе. Гьебги буго гӀадамалгун гьабулеб хӀалтӀи. Творчествоялъулаб букӀуна Жаннал гьеб рахъалдеги бербалагьи. ЦӀалул ва тарбиякьеялъул ишалъулъги гьей йиго тӀалабай педагог ва лъикӀай тарбиячӀужу. Гьираялда гьабула гьелъ студенталгун творчествоялъулаб хӀалтӀиги.

– Гьанжесел гӀолилал дагьал батӀиял руго. Сундулго ургъел гьечӀелилан кканиги, гьезги жидерго къагӀидалъ, чӀахӀияздасаги бегӀерго къабул гьабула кколеб-толеб. Гьезул рекӀелъе нух батизе кӀвечӀони, гьезул мурадал ричӀчӀичӀони, ракӀ согӀлъизеги бегьула. Дицаги гьезда гӀицӀго ингилис мацӀ гуро малъулеб. Малъула гӀумруги, гӀадлуги, гӀаданлъиги…

***Дуца гьикъулеб буго сундайин дун божулей абун. ЦохӀо Аллагьасда. Тогеги гьес Дагъистан гурхӀел камун!***

**Айшат ТАЖУДИНОВА**

# ГIАДАТ ГЬЕДИНАБ БУГО

Умайгьанат ХIусейнова. ЦIаралги шапакъаталги гьечIониги, Умайгьанат лъала лъикIаб гIамалалъул, гIадлуяб йикIа – яхъиналъул, бечедаб рухIияб гIумруги гIураб бичIчIи – лъайги бугей гIадан хIисабалда. Гьелъухъа бажарула гIадамазулгун гьуинаб гьоркьоблъи цIунизеги, лъикIаб рагIи къваригIаралъуб батизеги ва гьединго хIаракат бахъула гIадамазулъ лъикIал рахъал ралагьизе. Гьеб киналъулго хIакъалъулъ бицине бокьун буго гьанибги.

**ХЪИЗАНАЛЪУЛ ТIОКIЛЪАБИ…**

Рос – лъади ХIусейноваз гIумру гьабулеб, дербенталъул гIемерал тIалаязул минаялда жанир дагьал гьечIо батIи – батIиял миллатаздаса лъугьарал хъизаналги ва щибаб хадусеб гIелалъул гьел жеги гIемерлъулелги руго. Гьедин ккана Умайгьанат СалихIовалъулги къисматги. Буйнакск районалъул Ахакь росулъа гьей ригьнаде ккана Дагъистаналда машгьураб, культура ва гIелмуцебетIезабиялдалъул рахъалъ жиб гIатIидго рагIараб – Алкадарскиясул тухумалъул чи ХIамид Надыровичасе.

- Дие росасул хъизан букIана ва буго гIагарабги хIурматиябги, гьез дунги къабул гьаюна рокьигун.

ХIамидилги эбел ккола азербайджанай, педагог, эмен лезгияв, адвокат. Гьез абулаан гIадамазда гьоркьоб букIине ккола рокьиги гьудуллъигиян. Дица росасда цадахъ кIикъогоялдаса цIикIкIун сонал рана ва цониги нухалда миллат рехсараб каламги нижеда гьоркьоб букIинчIо.

ХIамидица гIумру гьабудеб букIана мадугьалихъ. Гьес гьарун чагIи ритIун рачIидал дир эбел – эменги данде чIечIо, ясалъе бокьараб гьабилилан абуна.



Гьединго нижецаги ясазе тарбия кьуна миллатчилъи букIине бегьуларинги абун, магIарулазул гIадат – гIамал, гIагарлъиялдехун, гьудул – гьалмагъзабазде, цадахъ хIалтIулезде ва мадугьалзабаздехун хIурмат цIунизе кколеблъи бичIчIизабун. Дица гIажаиблъи гьабулеб жо буго кIудияб бертинги гьабун гIемер заман induldего гIолохъаби ратIалъи. Гьеб букIине ккола лъималазе хъизаналъулаб тарбия щунгутIи, гьез рукъалъулги, гIагарлъиялъулги, къисматалъ жидеда данде гьаруразулги хIурмат гьабунгутIи.

Дица гьединго абила, росасги дицаги гьесул росулъ бана мина. Гьелдаса кIудияб рохелги букIуна. Буго шагьаралда ракI сваккараб заманалда хIохьбахъиялъе ине нижго бетIергьанаб бакIги, ракIгъеялъе гьесул росуцоял гIадамалги.

Гьанже, гIумру бихьидал гьелъул хIажалъи лъикI бичIчIула. ГIумруги бигьаяб букIинчIеб батаниги нижер гIакълу гIуна хъизаналъул къимат гьабизе, гьеб цIунизе.

**ДУНЯЛАЛЪУЛ ГIУМРУ…**

- РакIалда буго росгун цадахъ хIалтIизе ритIун ниж Тверь областалъул Калязин шагьаралде араб заман. Рос вуго агроном, дун медсестра. Анлъго сон добаги бан руссана ниж, гIагарлъиялъухъе цIана ракIалъ. ГIагараб ракь бокьулин абуни гIоларо, гьеб кквезеги цебетIезабизеги ккола.

Гьанже рихьулищ нилъехъе рачIунел ругелщинал туристал? Дагъистан гьез беццулеб рагIидал дица хIисаб гьабула щибинха нилъеего гьаниб гIолареб жо абун. БетIергьанас нилъее кьун буго берцинаб тIабигIатги, мугIрулги, ралъадги, ахалги, хурзалги. Гьеб кинабгоги гIечIого гIемераз къватIире ун балагьулеб жогIаги щибдайха?

Амма мукIурлъизе ккола туристазегIанасебги нилъее нилъерго ракь бокьулеб гьечIолъиялъеги. Щайгурелъул гьезул ракI

рекъолеб хIалалдаги цIунулеб гьечIо росаби – шагьаразда рацIалъиги гIадлуги. Гьелъие гIайибияблъун гIицIго тIалъи гурелъул букIунеб, нилъ киналгойин. Щайха гьединаб хIал бугеб?

Дица гIумру саламатаб гьабуна, нижер лъималазулги гIун буго микьго лъимер, кватIичIого букIине ккола гьезулабги. Гьединлъидал гIемераб жоги бихьана. Гьанжеги бихьулеб буго дагьабго хIалуцин лъугьиндал гIакълуялда цебе ццин кколеб бугеблъи, гIадаталги гIадлуги гIадахъ босизе лъалеб ва бокьулеб гьечIолъи.

Дица гIемер хIисаб гьабула букIинеселъул. Нилъеда кIочене бегьуларо улка рагъулъ букIинги, гьединаб мехалда чIахIиял бертаби ва аваданлъиял гьари рекъараб букIунареблъиги. Щайгурелъул гьаб буго нилъер улкаялъул къисмат къотIулеб заман, киназего гIахьалаблъун букIине ккола рагъда ругел камиялги, гьезул рукъалъе ва хъизаналъе бугеб къварилъиги. Киназго рахъ ккевечIони ва кумек гьабичIони гьеб рагъулъ бергьине рес букIунаро. Киназго рахъги ккун хIал кьолеб бугони кьалулъ ругел гIолилазулги багьадурлъи цIикIкIуна, гьезда бихьула сундуе ва лъие гIолон жал фронталда рагъулел ва гIумру кьезе хIадурал ругелали.

Дагьалъ цебе бихьана, Гъизилюрталдаса цо солдат – рагъухъанасул эбел ун йиго гьесухъе щвезе, гьенир нилъерго хинкIалги гьарун кваназарун руго жиндирго васасда цадахъ ругелщинал. Гьелъухъ балагьидал дида магIо ккевезе бажаричIо. Гьеле гьеб буго ВатIан хиралъи!

## ХЪИЗАН – ККОЛА ЖАМГIИЯТАЛЪУЛ БУТIА…

- ТIадехун бицухъе, расасгун цадахъ нижеца мина бана Сулейсан – Стальск районалъул, Алкадарцево абураб бакIалда. Нижеца махсаро гьабула гьеб бугин нижер хъизаналъул хъалайилан. Нижер ясал Зарема ва Сабинаги гIуна гIадлуги ишалде рокьиги, гIадамазул хIурматги бугел. Гьездаги лъикI лъала республикаялда ва улкаялда кколеб – толебги. Зарема кийго йикIана цеехьанайлъун: школа меседил медалалда ва вуз багIараб дипломалда лъугIизабуна. Гьей ккола экономист, амма гьабсагIаталда «хIалтIулей» йиго щуго лъимадул эбеллъун. Гьеб абуни бигьаяб хIалтIи гуро. Гьелъул рос Амав ккола спорталъул тренер. КIиабилей яс Сабиналги буго лъабго лъимер. Гьелъ лъугIизабуна ДГУялъул истфак. Рос ГIумар ккола бизнесмен. Нижер тIолабго хъизан буго миллатал жураб: аваралги, азербайджаналгилезгиялги. Гьеб гIадатлъунги ккун буго.

Гьанже, нилъер къуватаб ва кутака булка цIидасан щулалъулеб бугеб мехалда нилъеца кинацаго кверба-къичIого гIоларо. Кив ва кинаб ишалда вугониги кинавго чиясда лъазе ккола нилъер гIаммаб рукъ – гIагараб улка киналго цадахъ лъугIун гIуцIизеги цIунизеги къваригIунеблъи. Кинаб миллаталъул чи вукIаниги гьеседа рагIизе ккола вацлъиялъулаб кумек киназулго рахъалдаса жиндие щолеблъиги, жинцаги киназего гьабизе кколеблъи. Дида ракIалда ккола хъизан – жамгIият щулалъиялъе гьединаб цолъи чара гьечIого хIажалъулин ва гьедин лъималги, гIелалги нилъедаса чIухIулеб хIалалда гIумруги тIамизе кколин. Гьедин букIиндалхa кидаго, гIасрабаз цебехунго нилъер умумузе хасиятаб жо букIана жидер умумуздаса чIухIи. Гьеб чIухIи нилъецаги кьезе ккола цебехун.



МахIачхъалаялъул аэропорталда ккарабгIадинал лъугьа – рахъиназ абуни нилъ цохIо квешаб рахъалдаса рагIизарула. БукIа абе гьеб жиб ургъичIого гьабураб, тохлъукьего лъугьараб ахIвал – хIаллъун, гьитIинаб гъалатIлъул. Амма гьединал жал такрарлъизе риччазе бегьуларо.

## ГЪАЛАТIАЗЕ ИХТИЯР ГЬЕЧIО…

- Дида лъикI ракIалда щола 90 абилел сонал. Дол рукIана нилъер улка – ракь тIетIезабизе хIалал рихьулеб, батIи – батIиял питначагIи жанирги къватIирги гIемерлъараб заман. Доб мехалда хIатта халкъазда гьоркьосеб терроризмалда бажаричIо Дагъистан хъачагъазулаблъун гьабизе, гьеб Россиялдаса батIа гьабизе. Гьеб хIинкъи баккидал киналго бакIалъулал гIадамал рахъана хъачагъазде данде, бажараралщинаца кодобе босана ярагъ. Гьеле гьединабго букIине ккола гьанже СВОялъул гIахьалчагIазулги къвакIи. Суал ВатIаналъул мурадал цIуниялъулълъидалха бугеб. Гьенибги нилъеца мисал босизе умумузул бахIарчилъиги къохIехьейги гIемераб букIана, нилъги гьезие мустахIикъал ирсилаллъун рукIин бихьулеб буго. Лъала Дагъистаналда гIемерал гIолохъаби гурелги, ригьалда рахарал бихьиналги жидеего бокьун СВОялда гIахьаллъизе арал хъизанал. Гьединаб буго хIакъикъат…

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



КватIичIого тIаде щвела 8 абилеб Март. ГьитIинго-ялдаса ракIалласа унаро гьеб эбелалъул къо букIин. Кидаго бокьулаан гьеб къоялъ эбел йохизайизеги. Сонал анагIан эбел – инсудехун балагьиги дагьаб кIвар цIикIкIараб букIуна. ГIакъилал гIадамаз абухъе ва гIумруялъ бихьизабухъе, «гIадан хола гьесулъ рохел тIагIараб мехалда», ва «хIатта цо рохелалъги бачахъизе бегьула нусго ракIбакъвай». Гьединлъидал, эбел йохизе йикIинги лъан, дица хIукму гьабуна гьелъул хIакъалъулъ нужер журналалде хъвазе. Бугелъулха гIиллаги ва цIалдолезда рагIизе буго гIемериселъ эбел – ясалда гьоркьоб гIицIго богорокъоб букIунеб хабарги…

Дагъистаналъул ЦIияб Чуртах росулъ, дир гIагараб рокъоб гIумру гьабун гьабсагIаталда руго дие бищунго хирияв гIадамал Зубайдат Рамазановна ва ГIабдуразакъ Абачараевич Кушиевал – дир эбелги эменги.

Эбелгун богорокъой йиго дун, режулел руго панкъал ва хъабхъилги гIурчинлъиялъулги цIурачадал. Гьезие жаниб лъолеб жо риидалго хIадурун букIуна, жидерго хурисан щолел нигIматал руго. Квенги нижеца гьабула ункъо хъизаналъе гIураб – диралъе, яцалазул ва вацасулги. Дида ракIалда бугеб жо жеги эбелалда лъаларо.

– Баба, цо лъикIаб журналалда дур хIакъалъулъ макъала батизе

*Сайгъат гьабула, РФялъул лъай кьеялъул ХIурматияй хIалтIухъан, дир эбел, Кушиева Зубайдат Рамазановналъе*

# ЯЧIА, ЭБЕЛ, ДУНГУН ХАБАР БИЦИНЕ!

бокьилааниищ дуе? – абун гьикъула дица. Гьелда лъазе кколелъулха жиндир хІакъалъулъ бицине букІинги хІисабалда кІалъазе кколейлъиги.

– Гьеб сундуе гьикъулеб жо? ЛъикІал гІадамал лъугІунищ ккарал? – абун махсародего, амма гьебго заманалда кІварги кьун гьикъана гьелъ, цІурачедги сверулаго.

– Дидани ракІалде ккола киналго лъикІал гІадамал мун гІадинал рукІунел ратилилан.

– Щиб бицуней мун! Дун йиго гІадатияй, нилъер заманалъул гІемеразда релълъарай гІадан ва тарбияги дие щвана киназего гІадинаб, – абун гьимана эбел.

– Баба, ракІалда бугищ, дуца нижеда кидаго абулаан, гІадамалгун кваналелъул, кидаго гьитІинаб кесекалде бегьизе кколин кверилан?

– Гьедин гьабизе рекъон букІунаха.

– Дуда ракІалде кколароанищ, гьедин куцанани, ниж цІакъ дагьалдаги гІей гьабун рукІунел, кІудиял ишал гьаризе лъугьунарел гІезе ратилилан?

Гьаниб дица нижер эбелалъул тухумалъе хасиятаб цо жо баян гьабизе ккола. Дида гьитІинаб къоялдаса рагІун лъалаан эбелалъул би ханасул тухумалдаса гІадамазулаб бугилан. Доб мехалда дица гьелде кІвар кьолеб букІинчІо. Амма Сурхай ханас Гуржи-ЦІоралде чабхъенал гьариялъул ва гьениса хъамун руччаби рачІунел рукІиналъул тарих рагІидал, гьеб хабаралде кІвар буссана. Тамара абурай гуржияй, гиназасул яс йикІун йиго асирлъун ячІун ва гьелдасан бачІараб бугилан абула эбелалъул тухумги. Долдаса гІемерал гІасраби аниги, гьезулъ цІунун буго бидулъ батараб тІабигІат-гІамалги гІадлу-низамги. Гьедин букІиналъе нугІлъи гьабулаан эбелалъ нижее гьарулел рукІарал малъа-хъваязги.

– Баба, щай дуца мугІалимлъи тІаса бищараб?

– Дуда лъаларогойищ, нижер заманалда дагъистаналъул мусудузе гІицІго мугІалимлъи ва тохтурлъи гурони бищизе рес букІинчІеблъи? ЦІаличІого махщел балагьизе абуни, ресал гІезегІан цІикІкІарал рукІунаан. Амма дие бокьун букІана тІадегІанаб лъай босизе. ГьединлъидаI, эбел-инсуца цебе лъураб кІигоялда гьоркьоб дида гьаб берцин бихьана.

– Дида лъала дуца гьеб хІалтІи гьираялда гьабураблъиги. Школалде мун кидагІаги кватІулароан.

– Гьединаб буго дир тІабигІат. ТІаде босараб иш лъикІ гьабизе бокьула. ЦІалул ишалде гьорлъеги дун бигьаго ккана. Дие гьеб хІалтІи бокьулаан. Цин лъугІизабуна Буйнахъскалъул педучилище, хадуб ДГПИ.

– Батани цо суалалъе жаваб кье…

– Студентазулаб гІумру? – янги абун, эбелалъ къотІун цІурачед дида цебе лъуна.

– Уха, – ян абуна дицаги кІиязего Гъумекиялдаса ретІарал хурдузул гьабураб чайги тІолаго. Эбелалъ бицана:

– …дол соназ дир гІумру гІемерго гвангъизабуна. Гьанже дида ракІалде щвезе ккола рикІкІадаб 1973 сон. РукІана къокъал юбкабиги, кьурдулаан «ABBA» ялда гъоркьги, гІенекулаан Джо Дассенил, Мариян Дандамаевалъул, Людмила Зикинал кучІдузухъги, рачІунаан росулъа эбел-инсуца ритІун посылкабиги… Буго ракІалде щвезе жо.

– ХІаракатай студенткаги йикІун ятиларищха мун? – абун гьимана дун.

– Гьай-гьай! Дун йикІана волейболалъул командалъул капитан, кколаан шагьаралъул къецазда цересел бакІал. Гьединго дица рахъулаан сураталгIел. Гьел росулаан студентазул церелъеязде. ХутІулароан гьединго художественияб самодеятельносталда гІахьаллъичІогоги.

– Баба, радистал – парашютистал хІадур гьариялъул курсал кинха лъугІизарун рукІарал? – абун бищунго дие къваригІараб бицине тІамизе лъугьана дун.

– Гьанжеги гьадабго чІамулей йигоха мун! – абун бокьичІого гІадин доехун сверана гьей. – Гьеб дица нужее чанцІул бицараб жо?

– КІваричІо такрарлъаниги, цоги нухалда рагІизе бокьун буго.

– Гьел лъугІилалде дир бох лъабго бакІалдаса бекана ва больницаялде ккана. Гьениб бана бащдаб лъагІел ва лъицагІаги абулеб букІинчІо тІуянго лъикІ дун сахлъилиланги. Гьеб мехалда букІараб хІал ракІалде щвезецин бокьун гьечІо. ГІолохъанай ва гьайбатай ясалъе рекъайлъун хутІизе бегьулилан аби кинха букІинеб?

– ТалихІалъ хутІун гьечІоха мун къваридго! Кинха гьеб байбихьун букІараб? Мун педучилищеялъул цеехъанай студентка, нилъер заманалъул Парту ПатІима, цадахъ лъабкъого ясги ячун гурищ арай ДОСААФалде. Дица школалда киназего бицунаан гьединай кутакай гІадан кколин дир эбелилан.

– Доб заманалда ясалги хІадур гьарулаан аскаразда хъулухъ гьабиялъул ишазе. ТалихІалъ хІалбихьи гьабизе нижеде ккечІо. Амма «Аннушка» абураб кукурузникалда рорженалги, парашюталда кІанцІиги кІочон толаро. КІанцІизе ниж ругьун гьаруна ноябралдаса маялде щвезегІан. КІанцІулаан 40 метралъул борхалъудаса. Маялда абуни рахана лъабазарго метраялъул борхалъуде. ТІоцере кІанцІулаан дагьал бакІкІал ясал.

– ГІайиб гурищ, азбука Морзе лъазабизе щун гьечІо дуе?

– Уха… Лъабабилеб нухалда кІанцІи дие балагьаб ккана. Доб къоялъ букІана гьури ва рештІиндал дун парашюталъ лъикІаб манзилалда ехъерхъана… ТІокІалъ гьеб ишалде юссине ресги букІинчІо…

– Баба, араб гІумруялъул хІисаб гьабуни, кинаб букІараб дуца гьабураб бищунго разияб иш?

– Щибаб къо букIана дун разияб, бергьенлъиялъулаб. Щибаб къо тIамизе ккола хадусеб къо дагьабги разияб букIиналъе хIадурлъи гьабун, – абун байбихьана эбелалъ дие жаваб. Гьелъ дир гьурмахъ ялагьун цIалулеб букIун батизе ккола: «дида гьеб нусабизе рагIулеб буго», – абун. Амма гьанжесалалъ гьелъ бицунеб букIана батIияб ва дие лъимерлъиялдасаго ругьунаб. Амма гьелъул насихIаталъухъ кIвар кьечIого гIенеккарайани, нижер гара-чIвари гьоркьоб къотIизе рес букIана. Гьебги лъан дица гьикъана:

– Дуца бищунго кIудияб ишлъун лъимал рукIкIунел ратилин ккола?

Эбел гьимана ва абуна:

– Унгоги дие бищунго кIудияб ишлъун кидаго школлъималги гьезул баркалабиги, ракIалдещвеялги рукIана. Гьединго мунги, дур яцалги, вацги. Ункъоял, дида ракIалда кковухъе, цIодорал лъимал гIезари – кIудияб гьунарлъун рикIкIине бегьулеб батила. Дун нуждаса разияй йиго, чанги гъалатIал нужер гIумруялда кколел рукIин бихьаниги.

– Дицаги дуе баркала кьола, баба! Дида кидаго лъалеб букIана дур рокьи. Дур букIана лъималаздехун тIалабги. Чанги нижеда квешги букIунаан дуца бадирчIваял гьаридал. Гьанже кIудиял гIедал бичIчIулеб буго киналго дур ва гьединго инсулги тIалабал кIвар бугел рукIараблъи. Дуца эмен ракIалдего щвезавичIо.

– Гьев ккола 45 сон дица цадахъ барав чи. Дир мугъ чIвалеб хIуби. Жакъаги нижер рокьи чучичIого буго. Щиб дуе цоги гьесул хIакъалъулъ бицинеб? Дуцаго хъвай гьесул хIакъалъулъ… Дуда лъаларищ эмен? – абун лъугIизе тана гьелъ хабар.

* * *

ЛъугьинчIо дун хабар чIамучI гьабизе. РакIалда бугеб щинаб жо цо гара-чIвариялда рагьизеги бажаруларо. ГIумру лъугьа-бахъиназдалъул бечедаб букIуна. Гьелъул хIисаб ва хIасилал гьарун рахъунаро, кинабго хIисабалде босун лъихъагIаги бажарулебги батиларо. ЛъикI ккараб жо буго гIумру букIинги, гьелъул дарсал росизе ва хIисаб гьабизе гьира букIинги, бажариги.

**Оксана КУШИЕВА**
Хъизаналъул архивалдаса сурат

# БОЖИЗЕ ККОЛА!



Заира Надирбековна МахIмудова ккола тохтур – онколог, «Здоровье» медцентралъул директорасул заместитель, Дагъистаналъул мустахIикъай тохтур, Дагъистаналъул сахлъицIуниялъул отличник, 2004 соналъ Российалдаго лъикIай онкологилан рикIкIарай специалист.

Гьелъул хIакъалъулъ гIадатго бицун тезин: гьаюна ва гIуна МахIачхъалаялда кIудияб хъизаналда. Гьелъул руго кIиго вацги кIиго яцги. Эбел Сафинат Мирзежановна – биологиялъул мугIалим, амма гIемериселъ гьей росасеги лъималазеги хъулухъалда рокъой йикIуна. Заирал анищлъун букIунаан ДГУялъул къватIисел мацIазул факультет лъугIизабизе. Амма эмен тарихалъул гIалимчи Надирбек Дестебековас абуна: «Дир яс, нилъер тухумалда цониги тохтурги гьечIо, мун йикIине ккела тIоцеесей», – ян. Инсул мурадги тIубазабун,

Заира мединституталде . Цо къоялъ, дарсиде мугIалимги вачIинчIого библиотекалде араб мехалда, гьелъухъе кодобе щвана Борис Петерсоница хъвараб тIехь – онкологиялъул унтабазул учебник. Гьеб рагьидал тIаде ккана: «Чан талихIаб соналдай гьал гIадамаз тIадеги базе букIараб, ракалъул унти гьечIебани!» – абурал рагIабазде. Гьеб лахIзаталдаса Заирада бичIчIана жий тохтур – онколог йикIине йикIин.

Жеги институталда йикIаго Заира машгъуллъана химиотерапиялде. Гьелда бихьана цо-цо мехалда гьединаб даруялъ ракалъул клеткаби гIемерлъизе гьукъулел рукIин ва ракIалде ккана гьеб рахъалда тIад хIалтIизе. Ординатура гьелъ лъугIизабуна Республикаялъул онкологиялъул Централъул клиническияб онкологиялъул кафедраялда, АхIмад Ибадуллаевич Нуровасул нухмалъиялда гъоркь. Хадуй гьенийго химиотерапиялъул отделениялда хIалтIизеги лъугьана.

I5 соналъ диспансералда хIалтIун Заирацa хал кколаан лъималазул сахлъиялда хадуб, гIахьаллъулаан конференциязда, симпозиумазда, съездазда, лъазабулаан онкологиялъул унтаби сахгьариялъул цIи-цIиял къагIидаби. Цо гьединаб съездалда гIахьаллъулаго гьелда бичIчIана лъималазул онкология чIахIиязулалдаса батIа гьабизе кколебльи. Гьедин, гьелъ бихьизабун рагьараб буго МахIачхъалаялъул лъималазул гIемерал профилазулаб больницаялда цебе онкологиялъул отделениеги.

Киназдаго лъалеб унти буго рак. Заирада абуни гьелъул захIмалъи лъидасаго лъикI бихьула. Гьелда ракIалда буго I989 соналъ жиндихъе ккарав тIоцевесев унтарав, Дербенталдаса анцIго сон барав вас, цIалул отличник. Диагноз букIана лимфома. Тохтурзабаз щиб гьабуниги, унти къолеб букIинчIо. Заира гьев вас холелъулги аскIойго йикIана ва гIемерай гIодана гьесда хадуй.

– Гьелдаса хадуб дир хIукму ккана, унтаразухъе щолаго дараби хъвалаго ва малълъулаго гьел ракалъ унтарал рукIин рекIелъе биччачIого йикIине. Гьел киналго дие руго унтарал, гьезие хIажатаб малъизеги, гьезда гьуинго ва сабуралда гаргадизеги лъазе ккола, кинабго цогидабги кIочон тун. РакIалде ккола гьединаб балагьиялъул хIасилги лъикIаб букIунеб батилилан. Дица киданиги ва лъиениги инкарги гьабуларо унтарасул хал-шал гьабиялъе, гьел дир кумекалъе хIажалъи бугел гьечIоники. Дида лъала тохтурасул рагIиялъги унтаразе кумек гьабулеблъи. Гьединго ракалъ унтиги хьулкъотIилъун букIунаро, гьел сахлъизе рукIиналда божизаризе лъикIаб буго.

Чанго соналъ Москваялъул клиникалдаги хIалтIана Заира, бихьана гьениб онкология бугел гIадамазе гьабулеб кумекги, данде ккуна гьанирги



дораги ругел шартІалги ва гьезда рекъараб къагІидалда пайда росизе кколел рахъалги лъикІаллъун рихьизаруна. Гьеб кІиго сон гьелъие букІана профессионалияб рахъалъ гІейлъун. Хадуйги юссана МахІачхъалаялде.

Дагъаб цебе заманалъги киналгІаги ракалъул гьороял сахлъизаризе кІолароан. Гьанже иммунотерапиялъул дарабаз дагъалго басралъаралги ракалъул унтаби чІезарула ва сонаца гІумру халатбахъинабизе рес кьола. Гьеб буго кІудиял гІелмиял цІех-рехазул хІасил. Щибаб кІиго-лъабго моцІидасан раккула цІи-цІиял дарабиги ва чІоразулаб терапиялъул къагІидабиги. Гьединаб ахІвал-хІалалъ рес кьолеб буго ракалъул унти сасинабизе.

– Гьанже къватІисел улкабазда тохтураз хІалбихьиял гьарулел руго бидул бугеб хІалалъухъ балагъун чорхолъ ракалъул клеткаби рати тІатинабизе. Гьеб ккола скрининговая абураб программаялда рекъон, кватІизегІан хутІичІого чорхолъ гьел клеткаби рукІин загьир гьабиялъул цІияб къагІида. Руччабазе 40 сон баралдаса, чара гьечІого къваригІуна жиндир заманалда маммография гьабизе, гинекологасухъе хьвадизе, анализал кьезе. Гьедин тІатинабизе бегьула руччабазул букІунеб, тІанчІирукъалда кколеб унти. Дагъал соназ цебеги гьединаб медициналъул рахъалдаса кумек щвеялъе рес букІинчІо.

КІочон толаро, цо нухалда дихъе ячІана Болъихъ районалдаса гІолохъанай гІадан, щуго лъимадул эбел. Гьелъ бицана кІиго сон бугила кереналда цо гІамгІаро рагІулеб, амма жинда лъаларого букІанила лъихъе ине кколеяли. Гьелъул лъавукълъиялда бан, унти сахлъизабизе кІолареб хІалалда батана... Гьанже гІемерисеб батІайиса буго: дагъал къояз цеве дихъе вачІана цо гІолохъанчи. Щуго соналъ цебе, метостазал риччараб ракги батун, гьесие операция гьабун букІун буго. Гьелдаса хадуб гьес гІумру тохтурзабаз бихьизабухъе гьабун буго ва унтиги тІаде цІикІкІинчІого кквезе кІун буго…

Гьединго, дихъе ячІана гІолохъанай гІадан, каранда тІад, заманалдаго сах гьабичІеб, гьоройгун. Гьей хвасар гьайизе кІвелиланги кколароан. Амма цо-цо хІикматал жал кколел руго. КІиго курс химиотерапиялъул гьабидал, гьелъул гьорой тІубанго тІагІана, гьеб букІараб бакІалда дагъабго гІуж хутІана. Дир рохелалъе гІорхъи букІунаро гьединал хІикматал ккараб мехалда ва дица гьабулеб ишалъул хІажалъиги кумекги бихьула.

Бугеб ресалдаса пайдаги босун журналалъул цІалдолездаги абизе бокьилаан, диспансеризация абураб жо гьабизе хІинкъуге, анализал кьезе кІвахІаллъуге, черхалъул хІалалъухъ гІенеке ва тохтурасухъе кватІугеян. Гьеб буго нужго цІуниялъе къваригІунеб шартІ!

Москваялдаса юссун хадуй, 2020 соналъ Заира лъугьана федералияб программаялъул гІахьалчІужулъун ва гьей тана «Здравствуй» абураб Ассоциациялъул регионалияб отделениялъул нухмалъулейлъун. Гьеб заманалда гІемерай хьвадана Дагъистаналъул районазде, цІалана лекциял, гьабуна, гІадамазул сахлъицІуниялъе хІажатаб, агитациялъулаб хІалтІи.

Заирац бицана ахирал соназда республикаялъе щванила ПЭТ КТ абурал лъикІал аппараталги, чІоразулаб терапиялъул оборудованиеги, гІемераб цогидабги хІажатаб къайи. Амма киналго рахъазда унтаразе хІажатаб кумек гьабизе жеги ресги кколарила, гІарац гІолеб гьечІолъиялда бан. Гьедин психикияб терапиялъе ва цогидалги хІажалъаби ккедал, нилъер гІадамал республикалдаса къватІире ине кколел ругила. Гьединго республикаялда гІолел гьечІила унтаразе бакІалги. Къого соналъ цебе букІараб хІалалда хутІун бугила гьезул къадар. Жакъа къоялъ онкоцентралда бугила 240 чиясе бакІ, гьезде хІажалъи бугезул къадар бахунила 700 чиясде.

– Гьединго гІолеб гьечІо унтаразде кьолеб кІварги… Киналго клиникабазда гьанже хІалтІизабулеб буго электронияб къагІидалъ документал къабул гьари. Гьеб лъикІги буго, карточка билуларо, информация битІахъе ва хехго щола ва тохтурасда унтарасул бугеб хІал бихьула. Амма гьебго заманалда тохтурасда вихьуларо живго унтарав, щоларо гьесухъ гІенекизе. Онкология бугел гІадамазе тохтурасул каламги чІагояб малъа -хъвайги кутакалда къваригІун букІуна, – ян бицана Заирац.

Заира йиго кутакалда гІадамасда гурхІулей, кумекалъе хІадурай, ракІ рагьарай гІадан. Щибаб къоялъ онкологиялъ унтарал гІадамалгун гара-чІваризе ва ракІалъул хІал лъикІ ккезе бажариги кІудияб гьунарлъун бихьула. Гьелда лъала унтаразухъ гІенекизе, гьезие ракІ-макІ гьабизе, хинал рагІаби ратун жинда божизаризеги.

***Гьанже Заира ккола «Здоровье» медцентралъул директорасул заместитель. Гьелъул буго кІиго лъимер: васги ясги. КІиялго Москваялда цІалулел руго. Вас мединститутАлда, яс дизайнерлъиялъул махщалие. Заирацаги рахъула сураталги гІахьаллъула суратазул церелъеяздаги.***

**Сулгият БУЛГАЕВА**



# ХIАСАНОВАЗУЛ «ГОЧАРУЛЕБ НАЙИРУКЪ»

**ГIажаибай гIадан йиго Хадижат ХIасанова! ГIумруялда бищун бокьулеб пиша – найихъанлъиялъе мутIигIай, хIалбихьи бугей найихъан, апитерапевт. Гьелъ тIубураб гIумру кьуна гьеб бокьулеб иш цебе бачине ва жиндирго лъай ва хьалбихьи лъималазухъе кьезе. Гьезул хъизаналъулаб найирукъ буго Хайдакъ районалда бищунго кIудияб. Гьезул жидерго къагIидаби руго наял гIезарулеб, гьел унтабаздаса цIунулеб, гьоцIо бахъулеб ва цогидалги.**

Кинабго байбихьана рос Мирза захIматго унтидал. Наязулгун хурхен гьез тIоцебе I8 соналъ цебе гьабуна. Мирзае лъун букIана диагноз онкология. Хадижатица хIалбихьана умумузул дарабаздалъун, ай бацIцIадаб найил гьоцIоялдалъун гьев сахлъизавизе.

Лъуна найирукъ жидерго росулъ Шилягиялда. ТIоцебе гьеб букIана гьитIинаб. ТIугьдузул бацIадаб гьоцIо щвезе ккани, цо наял бакIалда рукIун жо кколаро. Наязе тIугьдул гIоларо, хасго регьел дагьаб сон бугони. Гьединлъидал ХIасановаз хIукму гьабуна «хехго сапаралде бахъун бажарулеб найирукъ» босизе ва киса-кирего берцинал тIугьдузул цIурал байдабазде ине. Гьедин гьезухъа бажарана бацIцIадаб, гьоркьоб химия гьечIеб, унго-унгояб гьоцIо, гьоцIо гуребги, цогидалги найихъанлъиялъул нигIматал рахъизе. «Гьедин Мирза ракалдаса сахлъана», – йилан чIухIун бицана Хадижатица.

МВД ялъул органазда, Каспийск шагьаралда хIалтIана Мирза гIемерал соназ. Хадижат ячарай мехалъ гьесул рукIана, жинцаго гIезарулел, ункъо лъимал. Гьей захIмалъабазукьа хIинкъичIо, ва, тIаде гьавурав цадахъав васгун, щуялго лъимал гIумруялде рахъинаруна. Эбел-инсуца гьел гIезаруна тарбия щвараллъун, жавабчилъи тIаде босизе лъалеллъун ва тIаде босараб хIалтIи ргIалде бахъинабизе бажарулеллъун.

Амма найихъанлъиялъул квартIа-гьецI кодобе босана бищун гьитIинав вас МухIамадица. Эбел-инсуе кумек гьабулаго, найил тIулбузе хъулухъ гьабулаго, гьоцIо бахъулаго, гьев ругьунлъана гьеб хIалтIуде ва бокьана гIумру наялгун хурхинабизе. Экологиялъул колледж лъугIигун, МухIамад цIализе лъугьана ДГУялъул экологиялъулаб факультеталде. ВукIинесев эколог цIалулев вуго 4 курсалда.

Гьес гIемераб материал бакIарана наязул ва найихъалъиялъул хIакъалъулъ, ургъана цIияб, гьанжезаманалъул, нилъер гьава-бакъалде данде кколеб найил тIала. Брошюрацин биччана!

Найирукъалъ лъикIаб хайир кьолеб букIаниги, ХIасановал цо бакIалда чIун рукIинчIо. ГIемерал хIалбихьиялдаса хадуб, Мирзада лъана бищун лъикIаб магIишат цебе бачиналъул технология. ГьабсагIат гьезул буго 200 найил тIала, ва 2023 соналъ гьез бахъана гьацIул 2 тонна. ГьоцIоги, цогидаб найихъанлъиялъул къайиги ХIасановаз, батIи-батIиял, берцинал, жидецаго гьарурал цIулал гъутухъазда жанибги чIван, Дагъистаналъул тукабазда бичула. ГIагараб заманаялъ жидерго найихъанлъиялъул

**Женщина Дагестана**

**1/2024**

**На аварском языке**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.

**Главный редактор**
Х. А. ШАМИЛОВА
e-mail: J-dag@mail.ru

**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
С. Х. БУЛГАЕВА
**ответственный секретарь**
Н. М. КЕРИМОВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА
e-mail: delia25@mail.ru
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Дата выхода в свет 22.02.2024 г.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0102. Тираж (3381) 592 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Фируза Керимова, председатель Попечительского совета благотворительного фонда «Иман»;
II – Работа Н. Савельевой «Silentium».




магIишат дагьабги кIодо гьабизе ракIалда буго гьезда. Гьезул КФХ «ХIасановазул гочарулеб найирукъ» Россиялъул фермеразул ва росдал магIишаталъул кооперативазул Ассоциациялде гъорлъе уна.

– Нижер гочарулеб найирукъалъул нигIматазда гъорлъ химия гьечIо, заралиял дарабиги нижеца хIалтIизаруларо. Гьединлъидал нижер къайи буго инсанасул черхалъе зарал гьечIеб, сахлъиялъе пайдаяб. Дагъистаналъул гьацIул бренд цебетIезабиялъе гIоло, нижеца гIемерал конкурсазда ва фестиваляздагъорлъ гIахьаллъи гьабула. Россиялда гуребги, къватIисел хIукуматаздаги лъала нижер гьоцIо.

ХIасановал бугелда гIей гьабун чIолел гьечIо ва цере лъолел руго цIиял масъалаби ва мурадал.

– ГIагараб заманалда нижеда ракIалда буго Хайдакъ районалъул Родниковый поселокалда, найихъанлъиялъул къайиялъ гIадамал сах гьарулеб, сахлъи цIуниялъул центр рагьизе. Гьелъие муниципалитеталъул администрациялъ ракьги бихьизабун буго ва гьениб Центр базе хIадурулел руго. Гьедин нижехъа бажаризе буго, Хайдакъалъулазе гуребги, кумек къваригIарал, цеве дунго гIадин хьулго гьечIезеги кумек гьабизе, – ян бицана Мирзаца.

Дагъистаналда найихъанлъи цебетIезабиялъухъ ва пайда кьолеб, баракат бугеб хIалтIухъ, Россиялдаги Россия тун къватIибги найил гьоцIо тIибитIизабуралъухъ, Россиялъул найихъабазул Ассоциациялъул член, апитерапевт Хадижат ХIасанова чанго нухалъ мустахIикълъана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул Министерствоялъул хIурматиял грамотабазе.

***Унез борхулеб жо буго нухилан абула – Хадижат ракIчIун ва битIун уней йиго жиндирго нухдасан.***

**САБИГАТ ГIАБДУЛКЕРИМОВА**
**Хайдакъ район**




ПОЧЕТНАЯ ГРАМОТА


2021/7/4 09:41







Джемал Муэддин-Араби Абдулмеджидович. Сирень, 1949 г., холст, масло, 85x67 см, КП-11001, Ж-858 (Из фонда ДМИИ им. П. С. Гамзатовой).

ИНДЕКС ПМ803

6+

Цена свободная

4 651116 280082